

Rete Kanpe Nan Espas La
63-0623M
Branham Tabernacle, Jeffersonville, Indiana, U.S.A

Mèsi, frè Neville. Annou rete kanpe jis yon moman kounye a, pandan n ap bese tèt nou pou lapriyè. Ann bese tèt nou. E si gen nenpòt demann espesyal, èske w ta jis kite yo konnen l avèk men w leve? Kounye a kenbe bagay ou bezwen yo nan kè w, epi mande Papa nou ki nan Syèl la pou L akòde li.

2 Papa nou ki nan Syèl la, n ap vin jwenn Ou kounye a nan Non Seyè Jezi a. N ap vini, nou kwè ke bagay ke nou dezire yo nou dwe fè konnen yo nan lapriyè, epi si nou ta kwè ke nou resewa sa nou mande a, li va akòde. Bon pwomès sa a sitèlman vre. Pandan tout ane sa yo, nou te wè Li teste, epi nou konnen ke Se vre. Nou vle remèsye Ou, an premye, paske Ou sove lavi nou epi pèmèt nou tounen isit la ankò, ansanm, reyini isit la nan kongregasyon Seyè a.

3 Nou remèsye Ou pou legliz la ak pou pastè a, ak pou gwo Verite li bati ladann isit la e li pran pozisyon pou li a. Nou remèsye Ou pou chak moun ki nan Prezans Divin. Epi nou mande pou w gen mizèrikòd pou nou jodi a, epi pou W ba nou konpreyansyon nou bezwen an, pou nou ka vin yon sèvitè ki pi efikas pou Ou. Se dezi kè nou pou sèvi Ou avèk reverans ak yon kè vre, epi pou Ou ka jwenn pi bon bagay nan lavi nou. Chak jou, se pou mach nou yo konsa pou W ka byen kontan ak bagay nou te fè pou jou sa a.

4 Kounye a nou priye pou tout moun ki malad ak moun ki nan bezwen yo, jodi a, ki nan Prezans Divin isit la, ak nan prezans Tanp Ou yo toupatou atravè lemonn, pou Gran Jewova a vini nan pouvwa Li epi geri tout moun yo ki malad ak aflije. Se pou W jwenn glwa pou gwo Non Ou! Benediksyon pou chak sekrè nan kè a, maten an, nan demann sa yo pou lapriyè. Nou priye, kounye a, pandan W ap gade nan chak kè epi W wè a kisa yo te fè referans lè yo te leve men yo, epi ba yo dezi yo. Epi beni nou pandan n ap adore W pi lwen. Epi lè nou kite bilding nan maten an epi nou ale lakay nou, ke nou ka di tankou sila yo ki te soti nan Emayis : "Èske kè nou pat boule anndan nou pandan li te pale avèk nou sou wout la?" Nou mande l nan non Jezi. Amèn.

Ou ka chita.

5 Mwen ta renmen di ke li bon, maten an, pou nou isit la ankò nan kongregasyon pèp la, nan prezans Seyè a. E sa fè kèk mwa depi m te tounen. Epi dimanch pase a mwen te gen entansyon desann, men mwen—mwen sipoze se pat volonte Seyè a. Yon jan kanmenm, vale isit la trè malsen pou mwen. Osito mwen antre nan vale a, mwen fè alèji ak lè sa a ki isit la, epi mwen gen yon pakèt ti bouton toupatou sou po m. Epi mwen panse ti bouton sa yo te antre tou dwat nan lestomak la, epi mwen te tèlman malad, mwen... mwen gen frison, mwen tranble, mwen frèt. E mwen jis pa t kapab desann, byenke mwen te leve epi mwen te eseye fòse tèt mwen fè sa. Epi mwen—mwen konnen mwen—mwen gen...Vale a pa bon pou lasante, epi li pa bon pou lasante epi—epi mwen pa ta dwe viv ladan l.

6 Kounye a, nou vle fè konnen, nou te pase yon gran moman nan sèvis Seyè a, atravè diferan pati nan peyi a kote Seyè a te rele nou pou nou sèvi. E kounyeya mwen pa t ap tann pou m pale maten an sou yon sèten bagay, poutan Frè Neville te tèlman vle pou—pou m di yon bagay paske m isit la ak pèp la. Kidonk mwen...Li toujou galan nan sans sa a, jan nou tout konnen Frè Neville. E nou renmen frè Neville. Bon, pa gen yon jou mwen pa panse a li ak madanm li ak fanmi li, ak pitit li yo, priye pou yo. Ke Bondye ba l fòs pou l kontinye, pike pou pi devan! Kòm nou konnen, tan nou an ap fini. Nou jis sitèlman pre...demen, ke Limyè diswa pou jodi a. E mwen...

7 Fanmi nou an deyò nan Lwès la. Nou tout byen anfòm. E mwen te pran douz liv, epi mwen te pèdi dis ladan l depi mwen retounen an. Epi Billy Paul te pran dizwit liv. Rebeka, Sara ak Jozèf, tout te pran kèk liv. Natirèlman, madanm mwen pa t pran liv. Kifè--kifè mwen pa ta oze di sa isit la, ou konnen, paske mwen dwe ale lakay mwen apre yon ti tan. Kifè mwen... Men nou te pase yon—yon tan mèveye, e nou sitèlman rekonesan anpil. Nou...

8 Mwen te panse se te yon move lide, pou m retounen, men gen yon sèl gwo bagay, de bagay sitou ke nou rate, se ke pa gen okenn lòt kote ki ka pran plas li. Yon sèl bagay, zanmi nou yo isit la, ak legliz la. Kèlkeswa kote n ale, nou jwenn zanmi, epi nou rekonesan pou zanmi nou yo. Men gen yon bagay konsènan zanmi sa yo ki te kole ak ou nan moman difisil, se ke pa gen okenn fason pou ranplase zanmi sa yo. Kèlkeswa sa nenpòt lòt zanmi ka ye, pa gen okenn fason pou ranplase yon zanmi konsa. Ou jis petri nan yo, ou se youn. Epi nou, ansanm, n ap tann Vini Seyè a, pandan jou yo ap pase. Epi li yon jan difisil pou eseye panse ke ou ta ka... Ou pa ka separe.

9 Sa vin nan lide m yon vèsè Lekriti ke mwen kwè Pòl te ekri, e li te di nan Korentyen, ke, "Pa gen anyen nan prezan, pa gen anyen nan lavni, pa gen okenn pwisans, ni toutouni, grangou, danje, oswa nenpòt kreyati prezan, ni lavi, ni lanmò, ki ka separe nou ak lanmou Bondye ki nan Jezikri." Ki jan menm lanmò li menm p ap janm separe nou, paske nou te ini ansanm nan

kè, nan gwo kominyon sa a alantou Pawòl Bondye a. E menm lanmò li menm p ap separe nou. Nou pral ini nan gwo bagay Etènèl yo, pou tout tan ak tout laj yo.

10 Epi alò timoun yo... Nan maten, nou ta ale legliz, natirèlman. Men tout kote w ale, pa gen yon...Se pa ti tabènak la ki nan kwen an. Epi gen yon bagay konsènan li, sa manke mwen—mwen pou m tandè vye ti klòch sa epi mwen...k ap sonnen anwo a la, nan maten. E mwen panse ke li p ap sonnen nan moman sa, paske yo jis poko mete kloche a sou li, pou klòch la.

11 Epi alò pou rasanble isit la nan Uityèm ak Penn Street, kote sa gen trantsenk lane, mwen te mete m ajenou isit la nan yon ansyen marekaj, pou m te bati premye legliz mwen an, e jan Seyè Jezi te trete avè m sou sa. E jodi a li kanpe tankou yon ti chapèl isit la. Epi brik la ak mòtye a, li kanpe tankou yon chapèl. Men anba anndan kè m, se yon chapèl ki pral dire toutotan m gen memwa. Se yon...

12 E sa ki fè yon legliz se pa bilding lan, se moun ki rasanble anba li pou adore Bondye. Nou rekonesan pou bagay sa yo.

13 E bon mwen te panse, petèt etan done lè nou te fin rive, prèske, epi—epi nou pa gen anpil tan ankò ki rete, mwen ta jis enfòme nou sou kèk bagay ki te pase. E alò mwen pral fè kèk bann pandan mwen isit la, paske mwen te pwomèt nou tout, ou wè, ke nenpòt nouvo mesaj, mesaj ki anrejistre sou bann, ta soti an premye sou estrad sa a. Men kote tout bann yo fèt, pa deyò. Kounye a, Frè Jim ak lòt yo ale ansanm epi yo vann bann nan reyinyon an, ak lòt bagay, men la se toujou sou yon bagay ki soti isit la an premye. Ou wè? Ou mèt verifye nenpòt kote, w ap jwenn li. Sa a se pwomès mwen te fè nou, epi li pral kontinye konsa jiskaske Seyè Bondye a chanje li.

14 Epi mwen panse kounye a ke kliyan bann nou yo, ki atravè mond lan, yon Mesaj ki soti isit la, fè wonn glòb la. Ou wè? Laba nan forè yo ak toupatou, Li ale pa anrejistremant bann yo. Epi yo entèprete L bay payen yo ak lòt bagay, nan anpil, anpil lang diferan. Kifè, mwen vle, pandan m isit la, si Seyè a vle, fè kèk nouvo bann. E petèt, si pastè a pa gen yon bagay k ap boule sou kè l aswè a, ebyen, mwen ta renmen petèt fè yon bann aswè a.

15 Epi alò mwen pral Arkansas demen, epi, oswa madi, pito, madi maten, pou m ede nan yon ti konvansyon laba ak Fratènite Entènasyonal Kreyen yo. Mwen panse... Oswa petèt mwen te mal pwononse sa. Se yon bagay apeprè tankou Fratènite Nasyonal Kreyen yo. Mwen vrèman pa konnen. Mwen dezole. Sa se terib, pa vre? [Yon frè di: "Fratènite Asosye Kreyen yo." — Editè a.] Mèsi, mesye. Fratènite Asosye Kreyen yo. E mwen te sipoze pase, apati dimanch kounye a, jouk nan fen an. Men mwen te rezève jodi a pou tabènak la, pou m te desann isit la. E alò--alò m ap soti vandredi...Èske sa a, mesye, se...Vandredi se lè reyinyon

yo--yo fèmen la. E mwen pral eseye retounen samdi swa, pou m isit la dimanch maten, si Seyè a vle. Mwen pral fè yon lòt bann. E petèt pafwa, apati kounye a, mwen vle fè kèk bann anvan n ale.

16 E alò mwen vrèman ap prese pou m ale Baton Rouge, Louisiana, nan konvansyon sa a. Epi apre—epi apre retounen. Apre sa mwen sipoze ale, pa tout mwayen, nan Anchorage. Ou wè? Epi—epi soti nan Fairbanks ak Anchorage, pou Mesye Biznis Kretyen Plen Levanjil yo, sou chapit sa yo. Apre sa retounen. E si Seyè a vle, jiska Chicago nan dènye semèn nan mwa Jiyè.

17 Apre sa mwen sipoze, nan epòk sa a, mwen pral oblije prese mennen timoun yo ale Arizona ankò pou yo antre...pou fè yo rantre lekòl laba. Paske, Charlie, mwen dwe la bò kenz nan mwa Out. Konsa mwen—mwen vle tounen desann nan Kentucky nan lè sa a, si Seyè a vle. Tout moun ap ri, petèt kèk nan moun ki fèk vini yo pa t ap konnen sa sa vle di. E mwen jis espere sa p ap sonnen mal sou estrad la, men lè sezon ekirèy la rive. Kifè, Mama Cox, mwen depann de sa, ou wè, kidonk pou m desann la kèk semèn pou vakans mwen.

18 Kounye a mwen kwè... Mwen gen yon bagay isit la ke Billy te ekri m, kèk ti nòt. Epi youn nan yo te di: "Papi, Frè Neville vle konnen si w ta ka konsakre de timoun." Sètènman, se jis byen. Epi, wi, nou gen yon sèvis konsekasyon ke... Nou ta ka genyen sa kounye a. E alò mwen panse ke nou pral on jan pran pwochen karanssenk minit yo, oswa yon bagay, pou rapòte briyèyman kèk nan bagay sa yo ki te fèt.

19 Kounye a, anpil nan moun yo ak legliz yo, etan done ke lè m... Sa a se yon tabènak ouvè. Li pa janm te yon denominasyon, e ke Bondye anpeche sa fèt, janmè. Paske, nou vle isit la yon plas kote nou pa gen okenn lwa ke lanmou, okenn kredo ke Kris, okenn liv ke Bib la. E lè sa a, nou pa gen manm, nou gen kominyon youn ak lòt, pou tout moun, tout denominasyon. Tout moun byenvini e nou genyen—e nou genyen kominyon alantou Pawòl Bondye a, kote tout moun ka santi yo byenvini jan yo kapab. E kòm prensip, nou jis renmen Seyè Jezi a. Epi—epi nou pa yon—yon gwoup savan isit la. Nou se jis moun ki klè k ap eseye jis li Bib la epi ki pa mete okenn entèpretasyon an deyò de sa Li jis di a. Jis...

20 Mwen kwè Bondye pral jije mond lan yon jou dapre Bib la. Kounye a, si yo... Li pral jije mond lan. E si pa gen yon estanda pou jije, ki jan pèp la pral konnen ki sa pou yo fè? Ou wè? Se ta Bondye... Ou pa t kapab mete enjistis nan—nan Bondye. Epi Bondye dwe genyen yon bagay pou estanda Li, pou L jije pèp la avè l. Se poutèt sa si Li jije li pa legliz Katolik Women an, lè sa a, legliz Katolik Otodòks Grèk la, ak anpil nan yo, yo sètènman pèdi, ak tout rès la nan mond lan. Si Li jije li pa legliz Katolik Otodoks Grèk la, e non pa legliz Women an, lè sa a, lòt la ... Lè sa a legliz Women an ak tout rès la pèdi. Si Li jije li pa legliz Literyen an, lè sa a,

Presbyteryen yo pèdi. Si Li te jije l pa Presbiteryen yo, Literyen yo ak Batis yo pèdi. Ou wè? Konsa si Li jije li pa Pannkòtis yo, lè sa a tout sa ki pa Pannkòtis pèdi.

21 Men daprè mwen, Li p ap jije li pa okenn legliz, paske gen twòp diferans ak twòp konfizyon. Men Li pral jije li, Bib la di : "Li pral jije mond lan pa Jezikri." Kounye a, sa a se Lekriti. Kounye a...Epi Bib la te di : "Nan konmansman se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè chè e li rete nan mitan nou." "Menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan." Kidonk, Li se Pawòl la, e sa a se Kris la nan fòm lèt. Epi nan Liv Apocalypse pou Katolik la, Revelasyon Pwotestan an, nan 22yèm chapit la lè Liv sa a te fini, Jezi te di Li menm : "Si yon moun vle wete yon Pawòl nan Liv sa a, oswa ajoute yon mo ladan L, menm jan an, pati pa li a, yo pral wete l nan Liv Lavi a." Se konsa, mwen... Rezon ki fè nou kwè sa a, epi rete jis egzakteman, pa gen anyen... Li ka fè bagay ke li pa te ekri isit la, nou konnen sa. Men osi lontan ke nou jis rete ak sa Li te ekri, sa pral byen.

22 Epi kounye a nan dedikasyon timoun yo, anpil nan moun yo, Methodis yo aspèje yo. Epi—epi mwen panse ke yo fè premye kominyon yo nan legliz Katolik, oswa Literyen, sa fè apeprè douz lane, ak yon--yon kalite sèvis batèm lè yo fèt. Mwen—mwen panse ke yo aspèje ti bebe yo. Epi—epi mwen panse ke sa te separe Nazarèt la ak Methodis la, anpil ane de sa, nan batèm ti bebe. Mwen panse ke se vre, Frè Brown. Mwen—mwen—mwen kwè ke se sa ki te separe legliz Methodis la ak Nazarèt la, paske Nazarèt la pa t aksepte batèm tibebe. Men pou nou, isit la nan tabènak la, si nou pral rete ak sa Bib la te di, pa gen okenn kote nan Bib la kote yo te janm aspèje okenn moun, ale wè yon ti bebe, pa menm yon granmoun. Men, yo... Bib la di, sèl kote nan Bib nou an pou timoun yo : "Yo mennen ti bebe bay Jezi, epi Li... pou L te ka poze men L sou yo epi beni yo." Apre sa, Li di: "Kite timoun piti vin jwenn Mwen, epi pa anpeche yo, paske se pou moun tankou yo Wayòm Syèl la ye."

23 Kounye a, se poutèt sa, nou konnen ke men nou pòv, pastè a ak mwen, oswa nenpòt lòt pastè, pou pran plas men Seyè Jezi. Epi si Li te isit la maten an, paran sa yo t ap mennen ti bebe a bay Kris. Men paske nou isit la kòm reprezantan Li, ke nou reprezante Li, yo mennen timoun yo ba nou. Epi nou konsakre yo bay Seyè a, lè nou poze men nou sou yo, nan komemorasyon gran Pawòl Li a ak aksyon Li a. Kidonk se konsa nou konsakre timoun yo.

24 Mwen te panse petèt gen yon manman ki te isit la ak ti bebe li a ki pa t janm konsakre bay Seyè a, pou li ta ka vle vini ansanm ak manman oswa papa sa yo ki pral konsakre pitit yo. Nou jis mennen yo isit la epi prezante yo bay Bondye, epi priye pou yo, epi di Seyè a ke nou poze men nou sou yo, nan—nan yon fason pou ranplase pa L. E se sa ki pi pre Lekriti ke m pat janm jwenn ankò. Kounye a, ou ta ka pran liv ou a epi jwenn yon bagay ke kèk gwoup

nonm te di, men mwen vle di sa Pawòl la te di, ou wè. Kounye a, mwen panse ke mwen te fè li reyèlman, reyèlman klè ki sa li ye.

25 Kounye a, si pyanis la (Èske w se pyanis la, frè?) ap vini isit la. Èske sa pa terib, nan pwòp legliz mwen an, m ap mande: "Ki moun ki pyanis la?" Mwen prèske oblije frape nan pòt la. Dakò. Yo chante ti chante sa a, oswa yo jwe li.

Mennen yo vini, mennen yo vini,

Mennen ti zanfan yo bay Jezi.

26 E pandan ke asanble a ap antone chan sa, ann leve kanpe. E kite manman ak papa yo k ap menmen ti zanfan yo, avanse kounye a epi rete kanpe. Trè byen.

Mennen yo vini, mennen yo vini,

Mennen ti zanfan yo bay Jezi.

Kounye a, pastè...Kounye a nou gen yon ti-ti pitit isit la k ap dòmi. E pafwa yo di "amèn" two fò, alò nou konprann sa, se ti bebe yo ye. Ki jan w rele, mesye? William Henry Vincent. E ti pitit fi w la? Christina Maria Vincent. Ala yon ti pitit adorab ki kouche sou-sou zepòl papa l. Èske m kapab pran l? Christina, m pa kapab ranplase papa w isit la, ou wè. Ann...Enpoze men w sou ti bebe a.

Ann koube tèt nou.

Papa nou ki nan Syèl la, nou aproche nou de Tron ou, afen ke jodiya, anlè piwo, fwa nou kapab sòlve nou depase lalin nan, depase sistèm solèy la, jiska nan Prezans Tou Pwisan an. Nou pote ti pitit adorab sa. Nou pa konnen kisa nou kenbe nan bra nou, Senyè. Se petèt yon gran sèvant pou Ou, nan jou ki gen pou vini yo. Nou kwè ke se va sa. Men papa pitit la te pote ti bebe a ba nou, pou ke nou kapab enpoze men sou li. Pwiske, nou konfese ke nou se sèvitè W k ap aji nan plas Ou jiskaskè W retounen, alò Ou va pran kontrol tout bagay. An atandan, Senyè, nou la pou sèvi W an verite epi senserite.

Donk avèk men nou poze sou ti pitit fi sa, nou beni l nan Non Senyè Jezi Kris. Nou kwè ke W va ba li yon vi ki long, si Jezi tade, epi pèmèt ke li vin yon gran sèvant pou Ou. Beni fwaye kote l pral grandi a. Pèmèt ke li kapab leve nan lakrent Bondye, epi sèvi L chak jou nan lavi l. Beni paran li yo, e pèmèt ke yo viv pou wè ti pitit sa vin yon enstriman de lonè pou Senyè a, akòz de fason yo aji jodiya, nan Non Jezi Kris. Amèn.

Bondye Beni w.

Bondye beni w frè m. Non li se...(yon sè pale ak frè Branham-Ed.) Sa se sè Tabet, Teresa. M jis pa konnen si n ap kapab pote Teresa, ou pa. M pa kwè sa. Li gen yon ti kras plis lespri ke sa.

Ebyen, ann koube tèt nou.

Papa nou ki nan Syèl la, pandan ke nou poze men nou sou sè ti pitit sa ke nou fèk konsakre a Ou Menm, paran yo vle konsakre ti pitit sa tou. Pèmèt ke Lagras Senyè Jezi a demere sou pitit sa, epi ba li yon vi ki long, yon vi ki beni pou sèvis Ou, nan Non Jezi Kris. Amèn.

Bondye beni w kounye a, Bondye beni nou tout. Nou menm paran yo vrèman chance maten an pou genyen de ti pitit adorab sa yo.

Ki non li? (Papa a di, "Joe William Cartwright."-Ed.) Joe William Cartwright. L ap pran syès li maten an, m panse. Trè byen. Kounye a, si w-nou tout...Ebyen, ou kapab kenbe l sou ou-si w prefere madam. Se byen. Joseph, monte isit la. Trè byen. Ou kapab kenben l si w anvè fè sa.

Papa nou ki nan Syèl la, nou pote ba ou, ti Joseph William Cartwright. Papa a kanpe maten an, pou retounen ba Ou sa ke W te ba li, pou yon vi de sèvis. Bondye, beni ti bebe sa, epi pèmèt ke l viv lontan, ak sante, ak vigè, epi vin yon gran sèvitè pou Ou. Beni papa l ak manman l, fwaye kote l pral grandi a. Pèmèt ke Kris kapab Envite envizib sa a tou moman. Amèn.

Bondye beni w, Brother Steve Cartwright.

Yon ti pitit fi? (Sè a di, "Oui, Mesye."Ed.) Madam? (Sylvia Shippy.) Sylvia Shippy.

Papa nou ki nan Syèl la, nou poze men nou sou ti pitit fi sa, pandan ke fanmi l ki mennen l isit la maten an, kanpe devan lotèl la. Pèmèt ke benediksyon ki t ap vin sou li, si Senyè Jezi te poze Pwòp men l ki te klouwe sou ti pitit sa, ke benediksyon sa yo demere sou ti pitit sa. Beni l kounye a, epi ke li viv lontan, ak lajwa, epi vin yon sèvant pou Ou. Epi beni fwaye li, paran l yo, byenneme l yo. Nan Non de Jezi Kris nou poze aksyon sa, dapre ansèyman Bib la. amèn.

Ap beni w...?...Beni w...?...

Ou wè, misye va devni yon chantè. Se kijan l rele? (Frè a di, "Lori Ellen Myer."- Ed.) Lori Ellen Myer. M te di, "Misye va devni yon chantè."

Sa fè m sonje. M espere sa pa sonnen mal, nan legliz la, men yon jou m t ap pale ak yon Endyen. Te gen yon ti bebe ki te kanpe bò kote la, donk mwen te di, "misye se yon ti pitit adorab. E misye se yon ti pitit adorab."

E chèf la te gade, kèlke minit. Answit li bese tèt li, e li te di, "Men, misye se yon manzè."

Ti...Kijan li rele? (Frè a di, "Lori Ellen."-Ed.) Lori Ellen. Ellen se siyati w? ("Myer.") Myer. ("Lori Ellen Myer.") Lori Ellen Myer. Manzè se yon bèl timoun.

Papa nou ki nan Syèl la, kòm nou poze men nou sou ti pitit sa, alòs ke nan Bib la yo te di ke you mennen ti zanfan yo ba Ou, e Ou te poze men W sou yo epi beni yo. òr se aksyon ke nou reyalize an komemorasyon de aksyon konsiderab Ou yo sou latè. Beni ti pitit sa, ak paran l yo. Ke fwaye l kapab yon toujou yon plas de priyè, de fwa. E pèmèt ke ti pitit fi sa viv lontan, ak kè kontan e vin yon sèvant Ou menm chak jou nan lavi l. E ke fanmi sa pa janm gen yon rou brize. Nan Laglwa, ke chak manb kapab rasanble otou gran Tron Bondye a, nan Jou sa, epi kontinye viv pou toujou. Jiska moman sa, Senyè, ke benediksyon Etènèl Ou yo demere sou ti pitit sa, ke nou beni nan Non Jezi. Amèn.

(Yon sè di, "Isit la se sè l...?..."-ED.) Bondye Beni w frè m. Ti sa...("Non li se Rebeka.") Sa se ti sèl, rebeka.

Pè Selès, nou poze men nou sou ti Rebeka beni l tou, nan Non Senyè Jezi, jis kòm si li ta prale nan dlo batèm, nan pisin nan. E mwen kwè, Senyè, ke jou a ap vini kote li va gen laj responsabilite, pou ke li pran pozisyon l, epi mache dwat nan pisin nan laba a, epi batize pou remisyon peche l yo, nan Non Senyè Jezi. Akòde l, Papa. Kounye a nou beni l, avèk ti sè l. Ke li viv lontan, jwayez, epi sèvi W. Amèn.

Bondye beni l. Senyè a beni w.

Se li? (Manman an si, "Sa se Jacqueline Grenault."-Ed.) Ti Jacqueline Grenault, yon lòt bèl, ti pitit fi.

Papa nou ki nan Syèl la, nou poze men nou sou ti pitit fi sa. An komemorasyon de prodijye Senyè Jezi a, Ki te poze men l yo sou ti zanfan yo epi beni yo. Pèmèt ke benediksyon W vini sou ti pitit sa, kòm si Pwòp men pa W te sou li, jodiya. Si W te isit la sou latè, nan yon kò fizik, manman an t ap pote ti pitit la ba Ou. Men kòm nou, antanke reprezantan w, li vini an dezyèm alò, Papa. E nou mande ke W va beni ti pitit sa, ke nou beni. Nan Non Jezi Kris, ke li viv lontan, e rez nan sèvis Ou. Beni fwaye kote l va grandi a, ke li kapab toujou yon mezon de priyè, nan Non Jezi. Amèn. Bondye beni w.

Ou gen de? (Sè a di, " M gen de tifi, m pa t ko konsakre kòm...?..."-Ed.) All right. Kounye a, ti pitit gason sa se...("James David.") James David. ("Humes.") Humes. M te panse ke m te rekonèt ou Sè Humes. Ou se yon misyonè, ou menm ak mari w. Eskè mari w avèk ou, maten an? Ebyen, bondye beni w frè Humes. Kite m di, ou sètènman gen plizyè timoun byen eleve,

adorab. Èske se David? E sa se...("James David. Sa se Joseph Benjamin. Lè nou te an Florid...?...") M te fèk ap pale avèk sè ki soti Florid la, nan etid la maten an. Ti pitit gason sa, lè li te...Yo te soti Florid, lè yo te laba a, ti gason sa, jis yon jèn timoun, tou pitit, tou zwit te ale nan lakou a, e li t ap gade anlè. Li te deklare ke l te wè Jezi.

Bon, ti David Humes. Nou poze men nou sou li, an konsekasyon de yon vi de sèvis pou Jezi Kris. Kontinye beni fwaye l, Senyè. E fòtifye papa l ak manman l, Senyè, pou kontinye travay misyonè ke w te rele yo pou fè sou tèren an. E kounye a ke ti David viv lontan, yon vi de sèvis ere pou Jezi Kris. Nou mande sa, nan Non Jezi. Amèn.

E pou ti frè l, Joseph, O Bondye, ki ankò yon jèn timoun te gade vè Syèl la e l te wè fòm Senyè Jezi a. Ke benediksyon Bondye vini sou ti pitit gason sa ke nou konsakre pou sèvis jezi Kris, maten an. E ke gran Lespri Sen w kondwi ptiti sa, Senyè. Petèt kèlke pa nan lavi, si gen yon landemen, Ou va...Li va kontinye avèk Levanjil la ke nou si-si kourajezman eseye sipòte jodiya. Beni l, Papa, alòs ke nou beni nan Non W. Amèn.

Bondye Beni w. Bondye beni w. (Ti pitit la di, "Anba pyebwa sa se la m te wè Jezi."-Ed.) Jezi kanpe anba pyebwa a, kisa li...?...

Ebyen, m dye rankontre jenòm sa. (Yon frè di, "Stanley."-Ed) Wi, mesye. Konman w ye? M pa kapab raple m non li, pakont. Danny Eugene Spaulding. Ebyen, M espere ou swiv tras papa w, depi w te trè jèn. Ti pitit gason sa, moun sa yo vini kontinyèlman nan asanble a. E premye fwa ke m te wè l depi l te gen...M sipoze, premye fwa m ke m te wè l. (Frè a di, "Osi lontan ke m konnen.") Wi, se premye fwa ke m wè li.

Pè Selès, nou mennen ba Ou ti bebe sa maten an ki te plase nan bon swen mezon Kretyèn sa anba siveyans papa ak manman Kretyen sa yo. Nou rekonesan pou nou wè timoun sa yo fèt nan fwaye konsa, Senyè, paske nou kwè ke yo va grandi nan lakrent Bondye. M poze men mwen yo sou li, avèk pastè a, nan Non Jezi Kris. Ke bebe a viv epi gen fòs epi gen sante epi vin yon sèvitè W chak jou nan Lavi l. Nou mande sa nan Non Jezi Kris. Amèn.

Senyè a beni w, stanley. (Sè Spaulding pale ak frè Branham-Ed.) Se gras a lapriye ke li te fèt tou. Se trè byen.

Li...Robert Douglas samples. Yon lòt bèl, ti bebe ak zye ble.

Pè Selès, nou pote ba Ou ti bebe ak zye ble sa maten an alòs ke li kanpe sou lotèl kote nanm te ne de nouvo pandan dènye trantan pase yo. Ke W resevwa l, Senyè, maten sa, pandan ke nou poze men nou sou li epi konsakre l pou Rwayòm Bondye e pou sèvis ak yon-yon vi ki an sante e ki fò. Nan Non Jezi Kris nou fè sa. Amèn.

Bondye beni w ti pitit.

Li bay ou...M-m pa t konnen, Jimmy, si se ou ti te kanpe la. O lala, e yo te fèt nan...Ti fanmi w la ap grandi. Se trè byen. Kounye a, se kiyès sa...Shawn Patrick poole. Gran papa ti pitit gason sa ak mwen menm zanmi depi lontan, depi nou te nan elemantè. Nou pa t pi gran ke sa lè nou rankontre. Ann koube tèt nou.

Pè Selès, petèt karantan pase, debou devan pòt lekòl isit la nan Utika Pike, m pa t janm panse ke ti gason sa yo, tou timid, ki t ap gade youn lòt nan kwen je, ke yon jou mwen t ap va poze menm sou pitit pitit li, pou konsakre l pou Senyè Bondye nan Syèl la. Resevwa ti Shwan, maten an Senyè, kòm yon sèvitè W. Manman ak papa l kourajezman mennen l, pou rebay li a Bondye ki te plase l nan bon swen yo. Pèmèt ke yo viv lontan an sante epi vigè, ak detèminasyon nan Kris. Kounye a nou ba W ti pitit gason sa, nan Non Jezi Kris, pou yon vi de sèvis. Pèmèt k l viv lontan, epi sèvi W.

Èske ti pitit fi sa te konsakre? Kijan li rele? Karla.

Men jan an, nou poze men nou yo, sou ti Karla maten an, epi konsakre l pou sèvis Jezi kris. Bondye, beni l. Pèmèt ke li viv lontan, e erez. Ke l vin yon sèvant pou Ou, chak jou nan lavi l. Akòde l, Senyè. Beni fwaye l. Fè ke l toujou yon mezon de priyè e de fwa. Nou ba W ti pitit fi adorab sa, maten an, soti nan kè manman ak papa l ki kanpe devan lotèl sa, nan Non Jezi Kris. Amèn.

(Papa di, "Non li se James Poole."-Ed.) Yon ti gason. Li pote non Jim. ("Wi.")

Papa nou ki nan Syèl la, papa ti pitit sa yo kenben kounye a nan bra li dènye trezò ke W te ba li nan fòm de yon timoun, ki pote non papa l, James. Bondye, akòde ke l devni yon nonm saj tankou James nan-nan Bib la. M priye pou ke W ba li yon vi long, an sante, Senyè. E pèmèt ke li grandi, e si gen yon landemen, kite li pran Pawòl Bondye a. Akòde l, Papa. An komemorasyon de sa Jezi Kris te fè lè Li te sou latè, M poze men m yo sou ti James Poole epi konsakre l pou sèvis Bondye. Nan Non Jezi Kris. Amèn.

Bondye beni w, James! Bondye beni ti pitit la!

Yon ti gason, kounye a de ti gason. Kisa w di? Jerry Dean Allen.

Senyè Bondye, sou tèt ti gason sa, Jerry Dean allen, ke benediksyon Bondye yo demere, alòs ke nou poze men nou sou li, pandan ke n ap konsakre jèn vi sa a Ou menm, beni fwaye li, paran li yo, e ke li viv lontan, ere nan sèvis Bondye nou a epi Bondye li a, a Li menm nou bay li kounye a, nan Non Jezi Kris. Amèn.

Bondye beni w, ti pitit!

27 Bon, m panse ke se jis sa fè-fè tout moun ki te gen pou pase yo kounye a. Bon nou egzakteman alè, a onzè pil. Bon, ou konnen, m kapab jis imajine, lè m gade manman sa yo, k ap pwoche, ak papa yo, ak ti bebe sa yo, m kapab panse a Jozèf epi Mari, jou konsekasyon Senyè Jezi a.

28 Frè Kidd, M t ap fè yon rankont ak yon moun nan biro a, men mwen-mwen te tandè emosyon w yo maten an isit la, de yon-yon nonm nan laj ou. E mwen sipoze w t ap rakonte kòman Senyè a te geri w soti...odyans la. E mwen te manke fini machin mwen an, yon jou, m t ap eseye rejwenn pèsonaj sa...Li se yon ministè aje.

29 Jis panse, nonm sa ak madanm li, t ap preche levanjil avan ke m te fèt. Yo t ap preche Levanjil sa, anlè montay yo epi nan lavale Kentucky ak Tennessee, avèk travayè min chabon yo, e yo te epwize. E yo viv san anyen pou yo manje. E ti epouz li a isit la, t ap fè lesiv sou yon planch a lave, pou anviron ven a vennsenk santim pa jou, pou voye mari l preche Levanjil sou teren an. Sa se ase pou fè yon moun emosyone, pa vre?

30 E donk pou panse, ke laba li te kouche, lè ke meyè doktè yo te di, "L ap mouri. Prostat li, kansè anvayi l tout kote. Li jis rete kèlke zè pou l viv, e toutoplis yon jou oubyen de." E sa fè de oubyen twazan pase, twazan pase. E men li isit la, maten an, an bòn sante, anfòm, ap bay Bondye Glwa. Ki laj ou te genyen lè w te geri a, frè Kidd? Apeprè ki laj li te genyen lè Bondye...Ki laj ou genyen, konbyen li genyen kounye a? (Yon sè di, "katrevende."-Ed.) Katreven-...("Katrevetwa nan mwa dout.") Trè byen. Li te gen anviron katreven zan lè Bondye te geri l. Bon Bondye sousye L de nou menm vyeya yo? Evidaman, li fè sa. Wi, mesye!

31 Li te geri Abraham lè li te gen santan, epi Sara lè li te gen katreven dis. E yo te fè Izmayèl, oubyen, padone m, Izaak. Se pa sa? Nou vrèman kontan pou sa.

32 Kounye a odyans lan si tèlman agreyab, ke m ta kapab pale avèk nou tout jounen an konsa. Men ann jis li kèlke Pawòl presyez epi rantre answit dirèk nan sèvis la. Bon, m panse, si se nan volonte Bondye, m ta renmen fè yon rezime de plizyè bagay ki te pase. Kidonk aswè a, si Senyè a vle, m vle pale sou yon-yon sijè. M vle anrejistre l sou band, prensipalman, pou distribiye l. Se...E si w vle vini epi koute, trè byen. Aprè ke pastè a fin pote mesaj li a, answit m pral pote...M pral anrejistre band sa. M vle preche sou *Klinyotman limyè wouj de Retou Li a*. Kòman youn nan flash sa yo dirèk devan nou kounye a! E mwen vle pale sou sa aswè a, klinyotman limyè wouj de Retou L. Li isit la, li ala pòte de lamèn kounye a. Sinyal la ap bese, tren an nan estasyon a.

33 Nonb, chapit 16, ou menm ki va ouvri Bib la epi li. Sa se Pawòl Etènèl la, alò ann li ak reverans. M ta renmen li de vèsè nan Nonb 16, twazyèm epi katriyèm vèsè a, pou bay yon ti apèsi sou sa mwen vle di a.

34 Bon, si band yo pa t ap anrejistre, m swete ke yo pral demare yo kounye a. Oubyen aranje l afen ke nou kapab jwen pati sa pou distribye l. Mesaj sa pral pibliye. Si w vle, ou kapab aranje band yo nan pati sa pou separe l de rès sèvis la? Ou wè, sa se yon-yon nouvote. Bon, si w kap arete l isit la, oubyen pe enpòt sa w fè, ebyen, apre nou pral...Èske w ta renmen m rete l yon moman, answit redemare l, afen ke l ba w yon pwen darè pou konnen ki kote pou kòmanse l, oubyen èske w kapab kòmanse l nenpòt ki kote? Kòmanse nenpòt ki kote? Trè byen. Se kòrèk.

35 Kounye a nou pral li Nonb 16:3 epi 4.

E yo te reyini tèt yo ansanm kont Moyiz epi kont Aaron, epi te di yo, Ou bay tèt ou twòp enpòtans, ou wè tout asanble a sen, chak grenn nan mitan yo, e SENYÈ a pami yo: poukisa donk ou leve tèt ou odesi de asanble SENYÈ a?

Epi lè Moyiz te tandè sa, li te tonbe sou fas li:

36 Papa nou ki nan Syèl la, beni kèlke Pawòl sa yo. "E pèmèt ke meditasyon kè nou, epi fwi lèw nou yo, jwenn favè nan rega W." Nan Non Jezi nou priye. Amèn.

37 M vle pran sa kòm yon tèks, pou sa mwen vle di maten an: *Rete kanpe nan espas la.*

38 De epòk sa a ke nap pale a, oswa ke n li sou li a, sètènman, nou tout kwè se te lè Datan ak- ak-ak Kore te deside ke yo ta pral mete yo de travè devan komisyon Bondye te bay Moyiz la, yo tap di, "Ou ta dwe kite tout asanble a fè tèt e tèt bagay. Yo tout sanktifye." Epi Bondye te kòmande Moyiz pou dirije pèp la nan tè pwomès la. E yo te di, " Ou vle met twòp sou zepòl ou. Oumenm, kap eseye fè tèt ou sèl moun nan group lan ki - ki gen la pawòl."

39 Epi sa tèlman pat fè Bondye plèzi nan pwen ke L te di Moyiz "Separe w nan mitan yo. Mwen- M pral jis touye tout group la an antye, epi rekòmanse yon lòt jenerasyon avèk ou." Epi Moyiz te tonbe nan Prezans Bondye e l te di ke L ta dwe pase sou limenm. Ou wè?

40 Ebyen, jodi a si Bondye ta va elimine pèp la, e te gen yon tan lè Bondye te fin pa fatigue ap vire anwon ak peche nou yo, nou tout tan ap fè sa k pa sa, kiyès ki pral kanpe tankou Moyiz, pou pèp la jodi a? ki kote nou pral jwenn yon moun ki pral vle kanpe, oswa ki pral kab kanpe, ke Bondye pral aksepte jan L te fè pou Moyiz la? E lavi Moyiz sou tè a te tèlman enpòtan pou Bondye jouk li te rete kòlè Bondye, epi Bondye pat pase sou Moyiz. Sa te toujou yon kastèt

pou mwen jouk mwen... yon jou, nan revelasyon Ekriti a, panse sa a te vin a mwenmenm. Sèke, Moyiz, an aksyon, nan tout jan tap jwe yon wòl. Li te tipifye Jezikri.

41 E lè Bondye ta pral pran lavi tout mond lan, epi detwi l, epi tout moun te pechè, e te kondane pou mouri, Kris te mouri pou nou tout. E Bondye pa ta ka ankolè kont Kris, ki se Pwòp pitit gason L. Apre sa Jezi te bay tèt li pou granmesi, pou l te ka peye pasaj la alòs si... Moyiz pat ka fè sa. Moyiz pat gen lòt san ke san imen, menm jan ak nou. kidonk, poutèt sa, san l pa tap... pa ta pral sifizan. Men Jezi ki se San Bondye Limenm, San bondye kreye, Bondye te jis egzante ras imen an lè sa a, peche yo, paske tout sa te repoze sou Li. E Li te al sou kalvè a, epi L te mouri andeyò prezans Bondye, e L te soufri. Apre yo te voye L nan lanfè, paske L te peche... te fè... peche nou yo sou li. Epi la a, li tap pote fado nou yo, li te pote peche nou yo- sou kalvè a, e de kalvè a a lanfè; Epi Bondye te resisite L nan twazyèm jou a, pou yon ekspyasyon peche nou yo.

42 E jodi a Li se sèl medyatè ant Bondye e lèzòm, e nou gen padon ak gras pou granmesi. Epi Bondye pa menm konnen ke nou te janm peche. Peche nou te depoze nan lanmè bliye, yo pap janm raple de yo ankò. Nou pa ka fè sa nou menm; nou gen yon fen. Limenm li pa gen fen. Ak fen nou an, nou ka toujou raple nou, pase nou pa ase gran. Men Li tèlman ekstraòdinè ke Li menm bliye ke nou te menm peche. Nou se pitit gason ak pitit fi, nan prezans Li. E tout bagay ke Li ye, nou se li tou. Li vin peche w yo, pou ke... Limenm... oumenm ta dwe vin jistis Li a. Konsa Bondye pa ka wè okenn peche nan ou osi lontan ke kwayans ou se nan Jezikri.

43 Yon moun, kèk tan de sa, li te di, “ Si m kwè yon bagay konsa, sa ta menm kòmanse yon lafimen! M ta pentire vil la tou wouj. M ta ale nan chak diskotèk. M ta tèlman sou ak tout bagay, paske...” “ Se kisa?”

Ou deja an sekirite nan Jezikri. Ki diferans sa fè?”

44 M te di, “Sa montre ke w pat genyen l.” Si lanmou Bondye te janm frape kè w, nan tandrès Jezikri, ou ta tèlman gen lanmou pou li, mond lan ta mouri, menm jan ak peche w yo. Se konsa w konnen ke w gen Sentespri a. Pa paske w ka rele fò, rele, pale, oswa pale an lang, oubyen sa l ye a. Men se lè peche tounen lanmò, epi w vivan nan Jezikri. O, lanmou Bondye, kouman li rich, kouman li sen! Ou wè!

45 Kounye a isit la nan Louisville, Kentucky, pa lontan de sa, yon predikatè tap di ke te gen yon - yon jenn dam. Li te tann yon ti jan twò long nan lavi pou l te marye, anviwon venn senk, trant an yon bagay konsa. Epi li te yon jenn fi kreyen janti e devwe. E te gen yon sòt de gason nan Louisville ki pat; li pa tap viv yon bon vi. Li te konn al nan dans, nan otèl elatriye, men

yon jou li te jwenn padon pou peche l epi li - li vin yon vrè kretyen, vrè kretyen devwe. Anviwon yon lane apre, li vin renmen ak jenn fi sa a, e jenn fi a te renmen l pou pèdi tèt li. Epi yo te vin marye.

46 Ebyen apre ke yo te viv ansanm anviwon de lane, yo di ke jenn fi a te di mari l yon jou, li te di, “Cheri, M kwè ke l on jan difisil pou ou, ki jis yon nouvo kretyen,” Li te di, M te kretyen depi ke m te yon ti pitit fi, men, li te di, “ pou oumenm yon jenn kretyen, pou dwe fè fas ak tout konvwatiz ak tantasyon sa yo kap vin dèyè w- ou te yon pechè pandan si lontan.” Epi li te di, “ Ebyen, sa vin yon konba, sèten.”

47 Li di, “ M vle pou raple w yon bagay, ke si lenmi an ta twouble w kèk kote, e ke w tonbe epi retounen nan peche, pa rete lwen lakay ou, m vle pou retounen lakay.” Li di, “ Ou pral jwenn nan kay la menm madam ke w te marye a.” Epi l te di, “ M pral ede w priye, e priye pou ou, pou w retounen a Bondye.” Li di, “M-M-M-M pa marye w pou rete lwen.” Li di, “ Gade, M marye w pa sou baz ki sa w te ye, men m te marye w paske m te renmen w. “ Epi l te di, “ Pe enpòt sa w fè, m toujou renmen w. M te marye avè w paske m te renmen w.”

48 Epi nonm nan jou sa a al nan travay, li tap tandè sa ap repete nan yon... kote l tap travay la. Li di, “ kounye a, kouman yon nonm ta ka fè yon bagay mal kont yon bagay konsa?” Lè ke yon fanm, ki renmen w tèlman ke, kèlkeswa sa l fè a, li ta renmen pou l retounen, epi pran l ankò e ba l yon lòt chans. Ou wè? Sa montre...kounye a miltipliye sa pa milya e apre ou va fè w yon lide de kisa lanmou Bondye ye. Ou wè?

49 Se lè yon nonm tonbe damou pou Jezikri, bagay nan mond lan... Lè w panse ak sa Li fè pou ou nan Limyè Ekriti a, pa nan Limyè kèk emosyon, men nan limyè reyalite yo, kisa l ye, lè sa a gen yon bagay ki rive w. Lè nouvèl nesans lan rive, peche a mouri menm jan ak minwi. Osi lontan ke limyè a nan ou, kouman tenèb la kapab briye? Li pa ka fè l. Se sa ke Bondye fè ak yon nonm ki kanpe nan espas la, ki te ka pran pwomès la. E Moyiz ki se yon-yon tip de antitip sa a, se poutèt sa ke Moyiz te ka kanpe nan espas la pou pèp la.

50 Alòs m ap mande m, nan jou sa a, aj Lawodise delabre, parese, lach ke nap viv la. Nou tout konnen, ke n te pase atravè Laj Legliz yo, ke nap viv nan dènye laj la, Laj Lawodise a. Laj parese, delabre, ensousyan, blagè, chaje ak peche konvwatiz ke nap viv ladann lan kounye a, se pa etonan ke Bondye jis di, “ Kanpe lwen, Legliz, M pral jis elimine gwoup sa a an antye.” Ou wè? Ala yon aj ke nap viv ladann lan! E L pral fè sa youn nan jou sa yo, tou. Nou konnen ke sa ap vini. Pa pral gen okenn echapapman a sa, paske L deja la, Yon moun te mouri pou sila yo ki vle chape. Men sa pral pou sila ki te la oswa aksepte Kris pou vin kretyen, yo pral retire yo amba kòlè a. Paske, lè sa a Li pat kapab fè l. Pat gen okenn fason li te ka fèt nan tan Moyiz la.

51 Kounye a nan Liv Apokalips, lè n rive nan Laj Lawodise a, nan Apokalips, twazyèm chapit la, Bib la te di ke laj sa a, Laj Lawodise a te “avèg” Li te di “Paske w ‘rich,’ ou di ke w ‘rich’ epi ou ‘anrichi, w, pi gran legliz, moun ki pi byen abiye yo, pi gran ke nan okenn lòt laj, paske w di, ‘ M pa bezwen anyen,’ ou pa konnen ke w pòv, malere, mizerab, toutouni epi w pa konn sa.”

52 Ebyen si yon nonm te nan kondisyon sa a, epi w te ka di l nan ki kondisyon l ye, li ta eseye ede tèt li si- si l te kòrèk mantalman. Men lè l nan kondisyon sa epi w pa ka di l anyen, li jis pa kwè ke l toutouni, li pa kwè ke l nan kondisyon sa a, alòs sa montre ke li avèg. Dye mond sa a te avegle jye sila yo ki refize sèvi Kris, epi yo te... tèlman avèg ke yo pat ka wè sou ki siy ke yo tap viv la, lè a, nan ki tan ke yo tap viv la. Epi raple nou, te gen Youn deja ki te kanpe nan espas la, e pèsoun lòt pa ka kanpe. Swa ke w aksepte sa a, remèd sa a, oswa ou kondane.

53 Bon, pou noumenm kounye a, pou rapwoche kounye a a sa ke m vle di a. Nou te ka kanpe...kounye a m ap preche tèt mwen, nan sa a. Eske n ka sipòte wè yon èt imen ki avèg, avèg fizikman, epi konnen ke l ap apwoche yon falèz, li avèg, san w pa eseye avèti l? Sa ta pral, lè sa, t ap tèlman yon mechanste. Nou ta tèlman ensansib nan kè nou. Èske w ka imagine, yon moun ki vin tèlman ensansib ke l te ka prèske ri, epi ap gade yon moun avèg, ki pa ka wè epi pa ka ede tèt li, ap dirije l byen alèz sou yon falèz? Sa ta yon- yon move bagay; pou pa fè anyen pou sa.

54 Ebyen, frè m yo, toupatou mond lan, M vle fè konfesyon sa a. Mwen- Mwen di sa ak imilite, se jis sa ke m t ap fè, oswa M ta pral fè. Mwen t ap preche depi plizyè lane epi m-m vin yon nonm aje, yon vye predikatè veteran, epi te mennen anpil gwo batay, e petèt m gen sikatris, m koupe tout anndan m, nan batay sa yo. Paske, chay Bondye te ban mwen an, se pa t pou m al bo ti bebe, epi- epi marye jenn yo, e antere gran moun yo. Men se te pou kenbe yon epe ak de menm yo sou chan batay la, kont riz paganis lan ak demonoloji, epi - epi pwisans tenèb yo, epi konbat li ak Pawòl Bondye a jouk mwen wè lenmi an defèt. Mwen te koupe an pwofondè plizyè fwa.

55 Apre sa lè vin ak mesaj nan jou sa a, epi m di legliz bagay sa yo ke m sou pwèn di yo. Epi m te predi dè zane de sa, kan Sentespri a te rele m pou travay sa a. E pa gen yon moun k ap viv sou tè a jodi a, ki te ka menm di ke Seyè a te janm kite m di nou yon bagay nan non Li, ke sa ki te rive jis egzakte men jan l te dwe rive a.

56 kouman ke l te voye m an premye, epi premye don an, apre dezyèm don an, answit bagay yo ki te di oswa fèt, patou nan mond lan, epi dè milyon literalman te vin a Kris. Epi dè dizèn de milye de predikatè enspire, ki te kòmanse revèy sa a ki te baleye sifas tè a an antye jodi a. E kòm se Pannkotis yo ki te aksepte mesaj mwen an. Yo te sila yo ki te avanse avè l. Pannkotis

te gen plis moun ki konvèti nan ti gwoup Pannkotis yo ke tout rès legliz yo mete ansanm. Sa se estatistik. Poukisa? paske yo te resevwa Verite a epi yo te resevwa revèy la.

57 Epi kounye a, apre gran moman an te rive pou gerizon malad yo, pou chase demon yo, epi pou mò yo resisite; ke nou tout te temwen, e menm jan ak plizyè doktè ak granzòm sou tè a. Answit aparisyon Seyè Jezi a pami nou, ki nan siy lan la a tankou ou wè l la, m sipoze sou miray lan, kèlkeswa kote l ye a, Anj Seyè a. Answit kouman syantifik yo te depoze yon dwa dotè sou li. E se yon bagay ki byen koni, nan tout mond lan. epi wè ke menm bagay ke L te fè yo, te akonpli chak fwa. Kidonk, si kolòn dife ki te ale ak Izrayèl atravè dezè a, nan jou Moyiz yo, ke nou...oswa sa ke Moyiz te rele konye a “ Sèvitè Bondye a,” E l te swiv yon kolòn dife lè lannwit, epi yon nyaj nan lajounen.

58 E lè Jezi te sou tè a, Li te di ke L te Bondye sa a. Li te di, “ Anvan ke Abraham te la, Mwen ye.” Epi “ Mwen ye” te Kolòn dife a ki te nan touf bwa ki t ap boule a, ki te pale ak Moyiz nan-jou yo te pase yo. Mwen kwè ke se kòrèk Frè Vayle. Alòs Li te di, “ M vin de Bondye e Mwen al jwen Bondye.” E lè L te krisifye, mouri, e resisite, epi li te monte anwo, e depoze kò l sou gwo lotel Bondye Etènèl la, pou ke la a li ka toujou prezan pou aji nan plas nou, pou konnen ke L te peye dèt peche nou yo. E la a li te retounen sou tè a ankò, nan fòm Gran Kolòn Dife a.

59 Sen Pòl, sou wout li, anvan yo te rele l Sen Pòl, li te rele Saul ki soti Tarse. Sou wout li li t ap desann Damas, pou arete kèk moun ki t ap fè twòp bri, epi rele fò, e preche yon levanjil ki te kontrè ak tradisyon legliz yo a, sou wout ap desann , yon jou, anviwon lè sa a nan jounen an, yon gran Limyè te frape l e gran Limyè sa a, limenm ki se yon jwif e ki konnen ke Kolòn dife te kondwi timoun Israyèl yo, epi men Li ki te devan l ankò, li te rele, “Seyè!”

60 Kounye a si n remake nan tradiksyon toude vèsyon Wa Jak ak estanda w la, epi lòt yo, se Majiskil S-e-y-è. Epi nenpòt kiyès ki konn Bib yo, konnen ke kan se lèt majiskil S-e-y-è, se Eloyim, Sila ki otosifizan e ki kreye syèl la ak tè a, nan Jenèz 1:1. Majiskil, “S-e-y-è!” kounye a Pòl pa ta ka pale de kèk ilizyon optik, li pa ta ka pale de yon bagay kèlkonk ke l pa konn anyen de li, paske li te yon nonm byen fòme nan Ekriti yo. Li te soti anba Gamalyèl, gran pwofesè nan jou sa a, epi li pa t ap rele Sa, “Seyè,” si l pat rekonèt ke Sila a se te Jewova. Li te di, “Seyè, Kiyès ou Ye?”

61 Tande Vwa ki reponn, Mwen se Jezi,” menm nan ayè, jodi a, e pou tout tan.

62 Kidonk M panse, nan mitan tout sa, anvan ke m al pi lwen, ke se isit la e atravè mond lan, moun ki pral tande, e ki ap tande kounye a, va konnen ke chak aksyon te pwouve ke Jezikri se menm nan ayè, jodi a e pou tout tan. Li te fè egzakteman menm bagay ke L te fè, geri

malad, konnen panse lespri yo, paske li te anonse bagay yo ki te gen pou rive, e chak fwa pafètman atravè ane sa yo. Mwen gen senkant katran, e m te gen vizyon depi m te gen anviwon dizwi mwa, epi, pa yon fwa, men chak fwa se te laverite. Ou wè? Sa dwe se Bondye. E alòs mwen te panse konsa, “poukisa moun yo si avèg ke yo pa ka wè sa?”

63 E souvan lè m ap pale a- medam nou yo osijè de koupe cheve yo kout, epi pastè yo ap rele dèyè m sou sa; epi konsènan rad imoral ke y ap mete, bout pantalon sa yo, epi- jan ke yo ranje kò yo konsa. epi - epi ap kontinye nan move chemen sa a; e osijè de gason nou yo fason ke y ap fè, ap fimen, e pran bwason sosyab, e-e tout bagay sa yo; e apre sa ap kontinye rele tèt yo kretyen, epi al sou tab pou pran kominyon paske yo se manm yon òganizasyon. O, se te jis senpleman, yo te panse ke m te blasfeme Bondye. Epi eske medam yo te vin miyò? Yo te vin pi mal, atravè nasyon an.

64 Epi mwen menm, ki se yon moun ki gen pwoblèm nè (M di sa on jan dousman) petèt on jan de tip moun nevroze ke m ye, epi m konnen m te gen mankman, nan kòmansman pou travay la; kòm anpil moun te plenyen, ke l te dwe fèt. Se te difisil. Men M-M te panse, “Bondye, poukisa W pat rele yon lòt moun ki ta ka fè l? E mwen - mwen santi m mal, men mwen-mwen echwe. Moun yo jis pa vle tandè m. Epi Mwen echwe pou fè sa ke m ta dwe fè, kèk kote, paske yo pap vle tandè.”

65 Manman m, ki fèk pati pou Laglwa, anviwon- anviwon yon ti kras plis ke yon lane de sa, manman m, papa l te yon- yon chasè. Epi M kwè ke m pran tou sa kote l, nan pozisyon sa a, paske M-M-M renmen al nan bwa. Epi m te panse, “Si moun sa yo ki rele tèt yo kretyen, si yo pa vle tandè mesaj ke m ap preche a, alòs lese yo trankil. M pral jis rete sa, tout ansanm, epi m pral monte nan montay. E m konn yon zanmi kote...” anpil nan nou, isit la, sonje ke m te predi lè a. anviwon sis mwa anvan ke l te rive, kouman ke m ta pral nan yon plas, drèt sou chè a la a, epi pral gen yon-yon bèt ki sanble ak yon chevrèy ak kòn li yo pwenti, e kouman l pral karant de pous, e kouman pral gen yon grizli sèt pye nan wotè. Ou genyen yo sou kasèt yo ak tout bagay. M devine ke w sonje moman an, nou tout [asanble a di, “Amèn” –Ed.] Ebyen, li etann nan chanm mwen anwo a kounye a pou-pou montre ke se laverite.

66 Kounye a jis sou bagay konsa, paske se jis anvan ke manman m te pati, epi li te vle kalme m pou gwo chòk sa a, ke l te konnen li ta pral prann l.

67 Kounye a, M te rankontre yon nonm ki te yon kretyen, li te gen yon gran peyi jis anba Alaska. epi m te fèm yon ide, ke etandone m te kite isit la pou m te al nan Lwès, pou m ta pran madanm mwen epi tann li yon pyèj nan yon bagay; m ta mennen l anwo a e m ta vin yon gid. epi lè sa a si Seyè a vle m fè yon bagay, M va kite cheve m pouse epi- epi - M ta... moustach mwen. E-E m ta retounen la epi vin yon gid. Gen sèlman anviwon de oswa twa endyen k ap

viv dèyè a nan peyi a. Mwen-m ta jis yon- yon gid e m ta ede Bud. epi si Seyè a vle m fè yon bagay, alòs M ta-M ta di “dakò Seyè.” Li ta ban m yon vizyon. M ta glise kòm soti.

68 Mwen di moun... M pa janm konsidere tèt mwen, nenpòt moun konn sa, men moun te di, “Frè Branham Seyè a rele w pou w pwofèt Li.” Ebyen, Mwen-Mwen pa janm konsidere tèt mwen tankou sa, men m kòmanse rive sou lè ke m te dwe pare pou m fè sa, pou panse, “ ebyen, petèt mwen prè, si m prè, m pral retounen viv nan dezè a, alòs Mwen-Mwen pral pwofèt li, ou wè, epi lè sa a si L vle voye m yon kote. Epi pandan ke L pap itilize m nan, lè sa a m pral asire m ke m pran kèk bon pwason e- e fè kèk bagay.” Sèten, ke se te yon jan de atitud egoyis, ou wè, paske m te vle fè sa. Kounye a m te deja gen nan lespri m pou fè sa.

69 E kounye a, jis anvan sèt Aj Legliz yo te preche, jan ke yo te desine la a... Gen anpil, jodi a ki te isit la pandan moman sa a, epi konnen kouman ke Seyè a te beni sa, sou miray la laba a, Li te reflete l. Jis pou... konbyen moun isit la kounye a ki te la lè sa lè ke L- Li te vini? [asanble a di “amèn.” – Ed.] Sa te fè l.

70 Answit m te raple m lè sa de frè Jackson. Li toujou avèk nou. Frè Junior Jackson, Metodis li te yon predikatè Metodis. Ya, men l chita la a kounye kounye a, li te vin kote m ak yon rèv, e apre sa kèk lòt frè vin ak menm rèv la. Kounye a Seyè a te vrèman bon pou mwen, epi m pat janm, pran w pou anrejistre maten an, èske m janm ba w yon fo entèpretasyon pou yon rèv? Non mesye. Paske, se Seyè a... m pap di li jiskaske m wè l ankò epi konnen sa ke l di de sa, lè sa a m va di w li. E answit li te di Mwen-mwen te gen yon sèvis anba a nan legliz li a , e limenm, yon fason oswa yon lòt, li te vrèman sou tansyon jou swa sa a, epi li kouri soti nan legliz la e tounen pa lòt chemen an pou te rankontre m nan machin nan, e moun yo t ap pase la. Li te di “ M vle di w yon bagay.”

71 Epi li te di m ke l te fè yon rèv, ke anwo a kèk kote isit la, tankou Indiana, ke te gen yon gran kolin plen zèb, epi dlo te lave tè a ki te nan tèt la, epi l te tounen wòch tankou yon - yon tèt ki chòv anwo - anwo montay la. E apre sa nan wòch sa a te gen yon ekriti dwòl. Epi li di ke m te kanpe la a ak tout frè yo toutotou legliz la isit la, ap entèprete ekriti sa a. E apre lè moman an rive kote m fin entèprete l nèt, alòs ... yon fason oswa yon lòt, si m konprann rèv la byen, M te pran yon bagay tankou yon pye bich, oswa-oswa kèk jan de baton an ang, m te vle di yon levye oswa yon bagay konsa, epi li te jis dekoupe tèt montay la epi sa te souleve l. Epi anndan l se te wòch blan, yon bagay ki ta sanble granit oswa-oswa yon bagay bò kote sa a, kèk wòch blanch ki pat gen ekriti sou li. E m te di frè yo, “ Rete la a epi gade sa a,” Epi mwen menm, pandan ke yo t ap gade, M glise kòm soti pami yo epi kòmanse dirije m nan Lwès. E Frè Jackson di ke l te wè m k ap monte sou yon ti mòn, e apre yon lòt ti mòn, m t ap vin piti epi pi piti, ap dirije m nan lwès. Nou raple nou sa,

72 Ebyen, entèpretasyon sa a, natirèlman, te bay isit la nan legliz la anvan ke sa te fèt, ke tan an-an se kounye a, m kwè, ke tout revelasyon an atravè aj Luther, Wesley, epi John Smith, Alexandre Campbell, epi lòt ki preche sou Bib la, epi apres a nou ale nan Bib la epi nou montre ke ta pral genyen on-on Mesaj setyèm anj lan. Epi lè Mesaj setyèm anj lan sonnen, tout mistè Bondye ta pral revele. Apres a, vin gen sèt tonè misterye.

73 Epi kounye a si se nan fen tan an ke nap viv, kote nou pase pa jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a; epi nou te gen siy, mirak, epi tout kalite bagay. Epi don yo tounen nan legliz la, tankou gerizon Divin, epi pwofesi, epi-epe pale an lang, epi entèpretasyon. Epi menm si li te mal reprezante anpil, mè poutan, sa pa retire le fèt ke, gen youn ki bon. Gen youn ki reyèl, on veritab otantik, on don de pale an lang, ki toujou sipoze andedan Egliz la.

74 Nou gen anpil imitasyon. Nou gen moun ki leve epi kap eseye aji tankou Kretyen, epi lavi yo pa konparab, alò gon bagay ki pa bon. Jezi di: ' n a rekonèt yo sou sa yap fè.' Wè? Se konsa ou rekonèt on Kretyen, pa fason lap viv. Pa janm sote pi wo pase ke kote wap viv. Alò jis... Men nan, men son-son dyab kap fè on epouvantay, pou elwaye vrè kwayan otantik yo de vrè Bagay la. Men Bondye ede nou separe epi pou nou kapab fè diferans ant byen e mal. Epi-epe Pawò la ap toujou redrese sitiyoasyon an.

75 Kounye a nou twouve ke, nan, mwen di nou ke, entèpretasyon sou Wòch la. Epi Wòch la se Kris, ki te nan rèv frè a, e sa se Bib la. Epi pandan tout ane sa yo, Bib la te entèprete, jiskaske nou ba Li entèpretasyon eklezyastik la. Epi dènye don an ki te ajoute nan aj Lawodise a , ki se tan pou setyèm anj lan preche, nan aj Lawodise a, lè sa a, kote ta pral gen anpil bagay ki te mal entèprete atravè aj yo.

76 Tankou Luther ki tap preche jistifikasyon an, men li te kite sa paske li pat viv ase lontan. Epi an plis... Apres a yo òganize legliz la. Luther pat janm òganize l; apre Luther. Apres a Wesley parèt. Epi apre Wesley, yo te gen legliz Wesleyen. Epi apres a vin gen John Smith, Batis la; epi apres a Alexandre Campbell, e ensidwit. Men lèzòm, refòmasyon yo, yo pat viv ase lontan pou mete tout bagay an plas. Epi, donk, anpil bagay te rete konsi konsa. Epi apres a lè yo fè, pa egzanp, batèm dlo ke John Smith te mennen tounen, batèm dlo nan-nan imèsyon, men avèk on tit. Epi anpil nan bagay sa yo ki te rete konsi konsa. Epi lè nou rive nan fen an, dènye Mesaj la sipoze redrese tout sa, pou mennen bagay sa yo a 'on lafwa, on Seyè, on batèm'. Wè?

77 Epi kounye a, apre ke Bib la te entèprete, konplètman, alò nou remake ke li louvri pwent piramid la-tankou Wòch. Pa ansèyman piramid la kounye a, pa sa, paske mwen... Lèzòm ki anseye doktrin piramid la sa a, m sipoze ke yo konnen de kisa yap pale. M pa konn anyen de sa. Men, sepandan, li te gen fòm on piramid, men pwent piramid la pat janm depoze.

Mwen ale Caire epi -epi an Ejipt, epi-epi pwen la pa janm vini, paske li te on pyè angilè, li te tèt pyè a. Nan legliz la, Li te pyè angilè a. Nan tout Egliz la, Li te tèt pyè a. Donk Li pat janm vini. Li te rejte, Kris. Epi Li pral vini, Epi mwen kwè ke lè Li pral vini, Legliz la pral transfòm nan on kote, depi jistifikasyon anba Luther, sanktifikasyon anba Wesley, epi mesaj Pannkotis la pral mennen Legliz la, a yon tèl minorite, epi yon ministè pral nan mitan moun sa yo jiskaske li pral egzakteman menm ministè a ke Jezikri te fèt. Sa pral mennen Jezi epi pral fè tout rès la disparèt.

78 Tout onèt e vrè Literyen, Presbyteryen, Batis, Methodis, epi nenpòt moun ki ne de Lespri Bondye, pral anlve avèk Jezikri lè Li pral vini. Mwen kwè sa. Mwen diferan de kèk nan frè Pannkotis nou yo ki kwè ke rès legliz la fèt avèk sa yo ki pral anlve nan dènye aj sa a. Mwen pa dakò, paske Bondye ... Kijan on moun ta ka, epi kijan Bondye ta ka... Si nou ta di: 'Kijan Li ta ka?' Li ka fè sa L vle. Men Bondye, ki te pwomèt Luther, epi anba jistifikasyon, se tout sa yo te konnen. Wè? Li pwomèt pou L pran Legliz la. Epi Li... Mwen kapab, kwè pa gras Bondye, epi pa Ekriti yo, m ka soutni l. Paske, Li pat vini nan premye gad la, epi yal dòmi; epi dezyèm gad la; e ensidswit. Li vini na setyèm gad la. E sa se Setyèm Aj Legliz la, a Mesaj setyèm anj la. Wè? Epi lè Li vini, tout vyèj sa yo te leve epi yo ranpli lanp yo. Wè? Presbyteryen, Luteryen, Batis, tout sa yo ki ne de Lespri Bondye a pral nan Anlèvman sa a. Mwen kwè ke yo pral rele Lepouz la pou l soti pandan peryòd sa a. Mwen kwè ke pral genyen kèk nan dènye jou yo, ki pap goute a lanmò, men yo pral chanje nan on moman, nan yon kout je.

79 Kounye a, jan nou remake l, nan rèv Frè Jackson, ke pat gen ekriti sou Wòch sa andedan l, se poutèt sa ke mwen te ale a Lwès. Kounye a, kòm sa a rive, epi mwen di nou, on jou mwen pral di nou sa l te vle di. Mwen te ale a Lwès pou sa. Epi mwen rakonte nou vizyon an, ke moun yo, a la fwa sou kasèt yo epi prezan maten an, yo pral konnen lè yo pral pran *Mesye, Ki Lè Li Fè?* Epi nou tout, frè bann, ki pa gen Mesaj sa a, epi ki vle tande swiv Li, pran: *Mesye, Ki Lè Li Fè?* Anvan, dè semèn e dè mwa anvan sa fèt, mwen te gen vizyon ke mwen te Tucson, Tucson nan nò; sa ta a lès de Flagstaff, Tucson nan nò; epi map retire epin sou janm pantalon mwen, epi yon-epi yon eksplozyon pati, li te sanble yon tranbleman de tè. Konbyen nan nou ki sonje sa? [Asanble a di: 'Amèn,'-Ed.] Se vre. Li ta pral fè peyi a tranble.

80 Ebyen, sa rive ke gen omwen yon moun prezan maten an ki te kanpe la a lè sa te rive. Sa te souke wòch yo ki te nan montay la. Epi kounye a yo... Nou aprann ke, pandan peryòd sa a, mwen te wè sèt Anj nan yon-nan yon fòm piramid, ki te desann epi ki te leve m. Epi yo te mennen m a Lès, pou ouvri Sèt So yo pou Bondye. Si nou pa genyen yo... si Jezi tade, epi mwen... aryè pitit-pitit mwen, pitit ti Pòl, lap toujou Verite Etènèl Bondye vivan an. Kounye a, nou te dwe dekouvri sa, li te sele andedan montay sa a, li pat ekri. Fò nou te entèprete l. E lè

mwen tounen, premye Anj la, nan premye nwit la, ouvri So a kontrèman a tout sa nou janm tandè nan vi nou. Epi tout sèt yo soti menm jan an. Nou konn sa. Nou te isit la lè sa rive, anpil nan nou.

Epi, kounye a, mwen pat konn sa lè sa a, men...

81 Frè Fred Sothmann, mwen konnen ki li isit la. E mwen prèske sèten ke Frè Norman isit la. Nou te anlè a... Mwen te oblije ale Houston pou sove ti gason sa a de chèz elektrik la. Epi mwen tounen epi m al lachas anlè a avèk frè yo. Epi maten sa a, mwen te kanpe la, ap ranmase epin, oubyen-oubyen sa yo rele lòt bò a tèt kabrit, epin sou janm pantalon mwen. Epi eksplozyon an fè egzakteman sa L te di. Pa vre, Frè Fred? Epi mwen-mwen-mwen panse ke m sote trè wo tè a. Epi jis anlè mwen, te gen Zanj Seyè a ki te revoye Mesaj la, pou m te vin isit pou m brize So sa yo. Poukisa isit, poukisa nan tabènak la? Poukisa m pat fè l lòt bò a? Paske m te fè yon pwomès a legliz mwen epi a Bondye, ke tout nouvo Mesaj ta pral vini de tabènak sa a, anrejistre de isit la. Epi Li tap ede m kenbe pwomès mwen, pou m rete isit la pou m fè l. Epi apres, imedyatman, mwen retounen ankò.

82 Epi, kounye a, m pat konnen a lepòk, ke yo te pran foto de sa, syantifik yo, alò ke Zanj yo te desann soti nan Syèl la, pou pote Mesaj la. Epi nou sonje, mwen te di ke sa ki a dwat de konstelasyon an te genyen, an kèlke sòt, tros Li dèyè, epi zèl Li yo. Nou sonje m te di sa, nou tout? [Asanble a di: 'Amèn.'-Ed.] E kijan mwen te obsève Li? Li te trè diferan de lòt yo. Epi mwen pat konnen ke yo te pran on foto de Li, paske mwen te vit ale a Lès. Men lè m retounen lakay a Tucson, Li te nan tout papye journal, ke yo te wè prèske patou nan peyi a, ou jouk Mexique, epi nan tout Eta Lwès, e m panse nan Courier a isit la. Li te nan Associated Press. Konbyen ki wè l, 'On misterye nyaj nan syèl la'? Nou wè men yo. E kounye a magazin Life la reprann li. E m gen atik la isit la maten an, nan magazin Life la isit la, pou m montre li. Kounye a men Li, an menm tan ke m te la a. Èske nou wè piramid Nyaj la? M te kanpe jis anba sa a. Epi la a, nou wè Anj ki diferan an nan kote dwat la? Nou wè pwent zèl Li? Egzakteman sa ki te pwononse. Epi men Mexique ap gade l, ak lòt plas kote yo pran foto a. Kounye a, syantifik sa a ap-ap eseye pran tout enfòmasyon ke l kapab sou foto a, sou moun ki gen foto a. Lap etidye l.

83 Kounye a, li di la a ke li enposib ke sa ta yon nyaj, paske imidite a pa depase, m ta di, on otè de 9 a 12 km, on bagay konsa. Lè nou vwayaje, nou vole abityèlman a diznèf mil pye, e nou anlè tanpèt yo. Men nyaj sa a, dapre atik syantifik sa a, li fè 41 km de wo. Li ta a dè e dè km anlè imidite a. Epi li di, pandan lap verifye zòn lan, e kounye a, nou konnen ke mwen... Konbyen ki sonje ke mwen di nou: 'Ou ta di on bri on avyon'? Nou sonje? [Asanble a di: 'Amèn.'-Ed.] Men pat gen avyon nan zòn lan. Liv la di sa la a. Yo verifye. Pat gen pèsonn,

okenn avyon anlè a. Epi, an plis, li pa ta ka... Bwouya a dèyè on avyon pa anyen lòt ke lè a ki brize, imidite, paske li rale pa inite sa a, kòm on avyon. Pandan lap rale tèt li, li brize imidite ki nan lè a. Li pa ka janm debarase de li, depi gen yon avyon, paske li dwe... Se sa ki pouse l, epi se imidite a ki chape de li.

84 Men li la a, a dè kilomèt pi wo kote ta ka gen imidite, epi okenn avyon nan zòn lan. E Li pa ta ka imid anlè la a, epi rete la a jou sa a. Li fè 48 km de lon, 41 km de wo. Nou wè? Menm jan sa te ye de imaj sa a, lè mwen te di nou: 'Anj Seyè te sanble on Kolòn Dife,' dè zane de sa, anvan Li te janm pran an foto; Bondye fè rekonèt pa lasyans ke Se Verite. Epi isit la, pwofesi ki te bay la, Bondye fè lasyans temwaye ke Se Verite. Kounye a kote nou kanpe? Mwne vle kenbe sa, paske mwen-mwen te ka pale ak on zanmi m, ki la a maten an, pou-pou l ekri *Sèt So* sa yo. Li ta ka vle itilize sa a pou sa. E si nou ta gon kopi, eben, si nou gen youn, kenbe l kòm referans. Wè?

85 Men li vle dekouvri l, men kisa sa ta itil pou al di l sa? Li tap griyen dan l sou sa. Wè, li tap jis griyen dan l. Alò annou pa jete pèl nou konsaé Men nou konnen, Legliz la konnen, e Bondye konnen ke se Laverite.

86 E alò lè m tap priye sou sijè sa a, ap mande tèt mwen kisa ki ta pral rive m, e nou konnen ki kote m te ye? Nan nò Tucson, a lès de Flagstaff; jis egzakteman, nan pozisyon, kote m te di nou, dè mwa anvan sa rive, ke m tap kanpe la. E egzakteman selon papye journal sa a isit la, e lòt papye journal ak magazin sa a, epi pwòp temwayaj nou, egzakteman kote sa rive. Bondye parfè e Li pa ka bay manti, li pral akonpli.

87 Nou sonje nan anrejistreman an, *Mesye, Ki Lè Li Fè?* Map site: 'Sonje, on bagay enpotan pral rive.' Epi kounye a, Li fè tout nasyon an temwaye de Li. Tout papye journal nan Associated Press, epi youn an prensipal magazin nou, ak tout lò bagay, temwaye de Li, epi sa poko fini. Men ala on pèp privilejye, on-on pèp privilejye ki Kretyen, pou konnen ke nan tan sonm sa a, kote pa gen okenn espwa dapre lasyans, epi kote on bonb atomik ap tann nou. Epi pa gen espwa nan òganizasyon nou, pou nou janm ansanm, yap konsolide ak mak bèt la. Epi lè tout espwa nou yo nan fason sa a ale, nan ekonomi nou, nan kominyon Kretyen nou nan mitan òganizasyon yo. Nap dirije nou vè Katolisis, ki pral on mak bèt la nan konfederasyon egliz yo.

88 Men li, epi sa yo ki renmen Bondye epi kap chache yon reyalite, ke menm Bondye a ki fè pwomès nan Bib la, gaye l devan figi nou; epi fè an sòt ke legliz la, epi moun yo, epi lasyans, epi magazin, epi tout bagay, rekonèt ke Li toujou Bondye e ki Li kapab ranpli pwomès yo. Ala on epòk!

89 Epi nan Canyon Sabino maten sa a, pandan map priye epi map mande tèt mwen kisa ki ta pral rive, pandan map lonje men m bay Bondye, anlè sou tèt montay sa a, Epe sa a tonbe nan men m; avèk on manch an pèl, epi gad li anlè l, epi on lam long anviwon 1m de longè, ki tap briye tankou metal oubyen tankou krom, file kòm on razwa. Epi mwen pat konnen sa l te ye. Epi mwen te di: 'Mwen pè bagay sa yo.'

90 Epi jis nan moman sa a on Vwa pale, ki souke canyon lan. Li di: 'Sa se Epe Seyè a.' Epi Epe Seyè a, se Pawòl Seyè a, paske Pawòl Bondye a pi file pase yon epe de bò.

91 Epi pou n tounen sou sa, pandan tan sa a, on brav ti frè isit la nan legliz la... Li te yon sòlda ki te eksploze prèske an mòso nan lame a, epi te kouche pou mouri, epi yo te di ke li... Yo pat, doktè yo, yo pat panse ke li tap viv, epi li pat menm vo lapèn pou okipe de li, li te tèlman touche. Nè prensipal yo nan janm li te eklate; ti bra l te prèske konplètman arache; janm li, on janm an mwens, prèske. Men Bondye te wè gras la, Li sove li epi on jou Li geri li.

92 Li menm, Frè Roy Roberson, li te prezan lè foto te fèt Houston. Kijan madanm li te enfòm pa yon vizyon, de sa l te fè nan jounen an, epi kijan li te gen on pwoblèm epi ke li ta pral geri. Epi sa te fè de li yon kwayan. Men li, etan on militè, li te on ti jan (m espere lap padone m pou sa m pral di) on jan di, dirèk, ap bay lòd nan lame a. Antan ke kòmandan, li te dwe bliye tèt li, epi, 'Fè li!' Wè? Epi li-li te kwè, sepandan. Men regilyèman, nan vini legliz epi ap gade sinatirèl la, li di: 'Mwen kwè sa, men sa se pou yon lòt moun.'

93 On nwit Seyè a te leve l, on maten. Nou te enstale, limenm avè m, li te sanble tankou Jerizalèm nan tab Kominyon Seyè a, epi mwen tap pale. Li pat ka konprann. Epi Frè Roy, ki te prezan, kap gade m kounye a, epi li te wè l. Epi li rele m, Houston... ou an Arizona, oubyen li te voye yon lèt epi mwen te rele li. Li te di: 'Ou tap enstale la a, Frè Branham, epi mwen te wè gran Kolòn Limyè sa a antre epi pran w, epi mennen w lwen tab Seyè a, epi ou ale vè lwès.' Paske li te enstale a lès epi ap gade m ale vè lwès, epi Limyè sa a antre epi fè m soti.

94 Li di ke se te yon maten, kòm on vizyon. M leve nan kabann mwen, vè twa ou katrè di maten, on bagay konsa, epi mwen wè sa ki rive. Epi li di ke li rele, on dirè, pandan dè jou, 'Frè Bill, tounen!' Epi Roy avè m nou se bon jan frè. Nou viv ansanm, epi chase ansanm, epi nou se jis dè frè. Epi-li rele pou mwen, jiskaske goj li fè l mal, 'Tounen!' Mennen l tounen! Mennen l tounen,' ap kriye. Li di ke mwen... Mwen Kolòn Dife a kap tounen, oubyen on Nyaj kap tounen, epi Li mete m nan tèt tab la, epi mwen te chanje. Sa te on mistè pou Frè Roy, ke mwen te chanje, ke mwen te parèt diferan. Mwen depoze sa la a pou mwen sonje on bagay, 'chanje,' lè mwen ba li entèpretasyon an.

95 Se te jis anvan ke mwen tounen pou Sèt So yo. Lè mwen tounen pou Sèt So yo, alò mwen... On maten, li kontakte Billy, epi li te vle pale avè m. Mwen te okipe, m atp priye pou Sèt So yo. Apresa li pale mwen de... Sa te rive ankò, epi le repete ankò. Frè Roy, si mwen twonpe m, atire atansyon mwen. Epi li di li-li leve ankò, nan-nan maten an, m sipoze bonè ankò, nan maten an. Epi la a, li gade nan chanm lan epi li wè gwo Limyè sa a, ou on lòt Nyaj anlè yon montay. Li mande m, pa gen lontan: 'Èske te gon bagay apwopo de yon Nyaj sou yon montay,' epi mwen di... 'nan Bib la?'

96 Epi mwen di: 'Wi, lè Pyè, Jak, epi Jan te mennen anlè, epi ke Nyaj la te kouvri Seyè Jezi. Epi-epi Bondye te pale, Li te di: 'Sa se byenneme Pitit mwen.' Mwen te preche sou sa isit la, pa gen lontan. On ti mesaj, frè kasèt yo ka konprann, *Koute Li*. Mwen sipoze ke nou petèt genyen l sou kasèt. Mwen sèten.

97 Epi li di ke li te monte sou montay la. Epi lè li fè l, mwne te kane la a. Epi yon Vwa soti de Nyaj la, (Se pa vre, Frè Roy?) epi li di on bagay konsa: 'Men sèvitè Mwen. Epi Mwen rele l pou li vin on pwofèt pou aj la, pou dirije pèp la menm jan Moyiz te fè l. Epi yo ba li otorite, li te ka pale epi kreye.' Oubyen on bagay konsa, menm jan Moyiz te fè, tankou pale epi mouch kreye. Epi nou konnen pou ekirèy yo, e ensidswit, epi bagay ki deja rive. Ti Hattie Wright dèyè a, m sipoze ke nou konnen kisa ki rive lakay li. Epi Li di l ke mwen te fè sa Moyiz te fè.

98 Epi kounye a li di m sa, pandan map tounen sot nan-nan on vwayaj. Epi nan lespri mwen, mwen te deside ke mwen ta pral kay Bud, paske li pat bon menm anlè a, chasè a.

99 Anvan nou ale isit la... Mwen ta ka di sa la a, epi nap fè vit. Mwen fè yon dwòl de rèv, on rèv etranj. Epi mwen espere ke, lè bò frè mwen pral mete la men sou sa, sa pap blese santiman li. Epi mwen espere ke mwen pap blese madanm mwen, ki chiti la a kounye a. Mwen li konn sa. Gen plizyè mwa de sa, vè Oktòb oswa Novanm, mwen te reve ke mwen-mwen tap flannen nan fènwa, epi mwen... Ebyen, mwen-mwen pat gen okenn kote pou m ale epi pèsonn tap pran swen de mwen, epi mwen te vin on mandyan, jis on-on mandyan. Epi mwen te frèt, epi mwen gade lwen epi mwen te wè dife. Epi lè mwen rive lòt bò a, se te on-on depotwa vil la, epi te gen ravin epi dife a te nan ravin sa yo. Epi ant ravin yo, te gen yon nap, kote mandyan yo tap dòmi, pou rechofe yo, pou pa vin frèt, ant dife sa yo, nan on nwit ivè ki fè frèt. Epi mwen-mwen te frèt. Epi mwen-mwen rapwoche de dife sa a, pou mwen rechofe, epi li te plen ak mandyan. Epi yo te...M pa wè okenn nan yo, men yo tout te gen tankou konpatiman oswa plas kote yo te ka dòmi. Epi mwen te wè bò frè mwen, Fletcher Broy.

100 Epi Fletcher, jan mwen sonje li. Li son bon timoun. Men sa te ka yon leson pou jèn yo. Mwen sonje, gen kèk ane de sa, on bèl jèn nòm, James Fletcher Broy, ki te frekante move moun, epi ki te pran premye vè li. Mwen sonje ke li te rele m dèyè rido lakay mwen. Epi papa

li ale nan la Glwa, dèzane de sa, li te la a ap jwe gita: 'Sou kolin la au lwen te gen on vye kwa solid.'

101 Epi Fletcher te rele m ankò epi te di: 'Frè Bill, priye pou mwen. Tande mòso sa a ke papa m ap jwe, epi mwen bwè jodia.'

102 Mwen di, 'Fletcher,' on gason apeprè dizwitan, mwen di: 'pa pran chemen sa a.' Men li pat janm tande. Li kontinye. Li vin on alkolik nèt. Epi madanm li kite l, pitit li yo, epi lè sa a li jis... Epi Bondye konnen ke mwen renmen li.

103 M t al priye pou li, jis on mandyan. M t al priye pou li, isi a sa pa fè lontan, li te blese pandan m te isi a pou preche Sèt So yo. M te di: "Fletch, m gen kèk kostim anwo la m ta—m ta renmen ba ou."

Li di: "Pa fè sa, Frè Bill."

E m—m te konnen li pat gen okenn rad. Epi m di: "Poukisa w pa pran rad yo?"

Li di: "En en." Epi l te gade m: "Ou wè, ou konnen kisa m tap fè avè yo. Plane yo epi vin sou."

Epi m di: "M ap ba w on ti lajan, Fletch."

104 Li di: "Non, pa fè sa, Frè Bill. M—m—m pa vle w fè sa." Li se yon vrè bonòm, ki gen kè, men li vin yon alkolik epi yon mandyan. E madanm li—li te pran move wout lan. E, o, jis tout bagay te rive pòv kanmarad lan.

105 E lè m te leve, anvan m te leve, Fletch te di m, li te di nan rèv lan, li te di: "Billy, m pral—m pral chache on plas pou ou, Frè Bill. Ou te nourri pitit mwen yo lè yo te grangou." E l di: "Ou te on papa pou yo. Kounye a m pral jwenn on plas pou ou isi a pou kenbe w cho." Epi nou t al mache bò plas mandyan yo epi finalman nou rive nan on plas, li di: "M ap chita isi a."

E m te di: "M ap monte isi a pou m wè si m ka jwenn on plas."

106 Epi m te monte, e m te gade nan fènwa an, nwit frèt. E m te panse: "Panse a sa. Yon fwa, Bondye Toupwisan kite m kondwi Legliz Li. Yon fwa, Li kite m preche Levanjil Li epi wè nanm ki sove. Gason ak Fanm sot toupatou mond lan, pou pale avè m pou kèk minit. E men m isi a kounye a, yon mandyan, e pèsòn pa vle m. Epi m frèt. Kisa m dwe fè?" Apre sa m leve.

107 M te di madanm mwen, m te di: "Petèt sa vle di ke Fletch nan bezwen." Kifè nou prese, pou n wè si nou te ka jwenn li. Epi frè l te jwenn li. Li te ret deyò isi a ak Weidners, Deyò la a

kote yo gen...fè komès chwal ak bagay; dòmi nan on kwen nan yon etab oswa on bagay. M te kontinye. M te panse: "Ebyen, li jis dwe lage sa."

108 Kidonk m retounen anba a kounye a sot Canada, ak Fred avè yo, lòt jou an. Epi nan lespri m, m te regle sa: "Si moun sa yo pat vle koute Mesaj mwen, trè byen, yo pat gen pou fè l." M te preche kounye a pandan apeprè trannsenk an. E dènye kenz a dizuit an yo m pat fè anyen sòf jis pou Seyè a. M te eseye viv sitèlman pre Li epi pa di yon mo jouk Li te di m an premye, tout bagay.

109 Moun di: "Kounye a si Frè Branham di nou l ap vini, sonje, atann nou a yon reyinyon, paske l ap vini nan Non Seyè a. Li pap fè anyen jouk Seyè a di..." Se vre. M te tann jouk Li te di m. M pat bouje jouk Li te di m. E apres a Li vin sitèlman, pandan kèk mwa ki sot pase yo, Li pat di m anyen sou kote pou m ale.

110 Alò m desann sot Canada, epi Fred te di...Oswa Frè Roy te rakonte m rèv li, antan limenm avè m ak Frè Banks te woule ansanm, jis anvan nou te separe.

111 E apres a nan demen nou te desann kay Frè Fred. Epi pitit gason l lan, Lynn, pat lakay li, kidonk li pat ka vin avè nou. Limenm ak madanm li te dwe tann. Li te pase pran madanm li la a nan Rosewood... oswa Melrose, Saskatchewan.

112 Epi Billy avè m vin nan kamyon Frè Fred. Nwit sa a nou te vwayaje pi fò nwit lan, ak nan demen. Epi nan apre demen maten nou te kite Helena, Montana, e nou t ap vini nan direksyon fwontyè a.

E m—m ka rete je klè jouk nan nevè, epi m vin gen dòmi. M t al dòmi. Epi Billy, li leve dòmi jouk nan dizè yo nan demen, lè lajounen ap leve, kidonk sa fè l trè byen pou nou vwayaje.

113 Kidonk m—m leve nan zòn katrè epi m vin kòmanse, ap kondwi, epi Billy t ap dòmi. Nou t al nan on plas epi m tap panse nan lespri m: "Ou konn kisa? Youn nan jou sa yo, osito ke m ka fè madanm mwen monte la a...E m pap di l kisa m pral fè. Men m ap rive anwo la a, epi lè sa a m pral di l: 'M tèlman renmen kote sa a, nou pa bezwen al pyès lòt kote. Ann jis ret isi a.'" E sa lwen dèyè sivilizasyon, mil sèt san kilomèt de nenpòt kote. Ou wè? Dèyè nèt nan zòn sovaj la. M te panse: "Èske sa pap bon! M pap bezwen koupe cheve m, e m—m—m pap gen pou m abiye. E m ap jis on—on moun mòn òdinè, sa ke m te toujou vle ye." E m te di: "M gen kèk zam, e kèk moun ban mwen, e m ap on gid tankou w pat janm tandè sa. M ap jis renmen sa. Apres a si Seyè a di m desann epi di on moun on bagay, m ap kouri soti epi di yo epi tounen ankò. E m ap ede Bud, e n ap vrèman gen yon vrè plas isi a." M t ap panse sou sa.

114 Nou te antre nan on restoran, pou manje, on ti plas nan mòn lan, jis vè setè yo. Li te fè on tijan ta, kidonk m te leve Billy. Nou pat gen gas, kidonk nou te dwe achte enpe gaz. Epi n te antre nan ti plas sa a, ti restoran sa a. E pandan n la a, yon mesye travèse lari a, petèt on tikal pi gran pase m, men li te sanble on nonm, pou mwen. Li te gen yon pè salopèt sou li, jakèt salopèt, bòt pou monte chwal, yon chapo nwa, moustach desann sou figi l kon sa, blan kou nèj, cheve l lage sou anba, dèyè chapo l. M te panse: “Sa sanble on nonm.” Pa kèk ki mou, parese, ak on siga nan bouch li, apeprè longè sa a, chita ak on bout pantalon sou li, bò on teras oswa yon pisin, kèk Moun nan Lès ak on pil vant, konsa. Eskize ekspresyon sa a. Men, sepandan, mesye a te sanble on nonm, pou mwen; di, rèd. Sanble tankou l te viv kote Bondye te fè lòm pou viv. E m tap admire l.

115 Li antre nan restoran an epi te kòmande enpe krèp. Te gen apeprè kenz, ven moun. Li te dwe etènye. E nou konnen kijan kèk moun pral...[Frè Branham chare kenbe yon etènye—Editè a.] Eskize m. Men li lage on gwo etènye bwa, an sante, “Atchoumm!” O la la, sa te sanble tankou fenèt yo te eklate. Lè l te fè sa, pèsòn pa oze di anyen. Non, mesye. M di: “Billy, men yon nonm selon pwòp kè m.”

Li di: “Aw, papa, pou pa vle vin tankou...”

“Se sa, se mwen alavni.” Ou wè? M di: “Se mwen.”

116 Epi m chita la a on tikal, epi Billy te gade m epi te kontinye manje krèp li yo, epi m—m te fini pa m yo. Nan kèk minit, yon moun, nan on kabin dwat bò an fas nou, ak panno yo nan direksyon sa a, sou dèyè kabin lan, m pat ka wè nan viwonn lan. Yon mesye kanpe, ki te sanble egzakteman tankou pwofil mwen, on ti bout mesye anviwon swansandizan. Rad li tache sou li, an ranyon. E patnè ki te leve avè l la se te Fletcher Broy, egzakteman, cheve gri pandye nan figi l. Epi Billy te vire gade, li di: “Papa, sa sanble oumenm ak Fletcher.” Nou ka imajine kijan m te santi m. E ti kanmarad lan, te sanble m, te mache de bò. Nou...Yo te kanpe bò yon kan dife, ak lafimen sou tout kò yo, figi sal. M panse dejene yo, ansanm, nonm lan dwe te peye ven santim, petèt yon tas kage oswa on bagay. Kè m te bat andedan m. Epi m te gade. Epi Billy di: “Ki pwoblèm ou?”

M di: “Anyen.” Epi m te gade sa, epi yo te vire epi yo te soti.

Li di: “Papa, sak genyen?”

M di: “Anyen.” Epi l antre nan machin lan. M di...

Li di: “Èske sa deranje w pou kondwi ankò?”

M di: “Non.”

Li di: “M toujou gen dòmi.”

117 Kifè li t al dòmi, epi m tap desann ak vitès sou wout la, apeprè katreven uit (88) kilomèt a lè, nan yon kamyon, sou mòn lan, ap rive nan direksyon fwontyè a—a, desann nan...Ap vin lakay nan Arizona, men m tap antre nan Utah kounye a. E antan m te rive la a, ap desann sot nan mòn yo, apeprè trannde (32) kilomèt andeyò vil lan, jis kòm si...Nou te tandè sa, jan m te rakonte nou sou jou maten an sou ekirèy yo, ak tout bagay sa yo, kijan on bagay...Yon Moun te vin ap pale avè m, yon Vwa jis menm jan nou tandè pa m. M konnen li sonnen tankou moun ki gen pwoblèm nan tèt. Men jan m te fini pa eksprime: “Èske m te janm di nou on bagay sòf sa ki te vre?” E yon—yon Vwa vin ap pale. M tap pale avè L.

118 Li di: “Egzekite plan w yo epi w ap vin kon sa.”

M di: “Seyè, m pa vle pou m kon sa.”

119 Li di: “Madanm ou prale, tou. Li pap viv anwo la a nan bit sa yo kon sa. E w ap vin yon mandyan jis menm jan rèv lan te montre ou tap ye.”

120 M di: “M pa vle pou m sa, men...m—m—m pa vle pou m dwe viv kon sa. M—m vle fè on bagay diferan. Men yo te di m—m ke—ke W te rele m pou m vin yon—yon pwofèt, e m vle viv nan zòn sovaj lan tankou pwofèt la.” Men m tap sèvi ak pwòp eskiz mwen pou te ka al lachas; pwòp byen m.

121 Epi L te di: “Men sa se te pwofèt Ansyen Testaman yo. Ou te aple pou w la a nan yon pozisyon ki pi wo anpil ke sa.” Li di: “Ou gen plis don apa de sa. Ou te aple pou priye pou malad yo epi pou preche Levanjil la. E nan fòm apostolik lan, ou konn dè bagay ki—ki pi gran, anpil gwo don.” Li di: “Poukisa w ap tann pou M fè w bouje chak fwa ou bouje? Kote rekonpans ou?” Lè sa a m te wè. Epi L di: “Èske w sonje?” M te di nou...?... “Èske w sonje kisa Frè Roberson te di w nan sonj ou an, nan sonj li an, oswa vizyon? Ke w te fè tankou Moyiz. Ou te bliye santiman moun ou yo. Ou te biye apèl ke M te rele w pou li a.”

122 M kite malad yo lonje. M vle Seyè a di m kote pou m ale epi pou m pa ale. Sa pa bon. M te bati yon konplèks pou tèt mwen, paske moun yo pat tandè Mesaj mwen. E si nou va...E mande Bondye padon ke m ap eseye konpare lavi kounye a tankou Moyiz, men se egzakteman sa Moyiz te fè. Moun yo pa tap koute lè l vin delivre yo, kidonk li jis kite yo poukò yo epi l t al nan dezè a, men Bondye te vire l tounen. E pandan lontan li te bliye pèp la ki tap soufri.

123 E apresa m di: “Seyè, si...Kijan m te ka, se vre, ak okenn edikasyon, ak on edikasyon lekòl primè, pou m kapab? E moun yo tap kanpe an ran ak tout kote, pou tandè Levanjil senp

lan.” Li pi plis, li pi gran kounye a pase l te ye anba Ansyen Alyans lan. Li te monte Anwo nèt epi l bay lòm don. Ou wè? Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Apresa m tap pale, epi m te tandè l ap pale avè m. Epi Li te kite m.

124 Epi m di: “Billy.” Epi l tap dòmi fon. M di: “Billy, èske se te ou?” Epi l pat menm leve.

125 Epi m te panse: “Seyè Bondye,” m te ralenti machin mwen, “kisa sa vle di?”

Epi m di: “Billy. Billy”

Li di: “Kisa w vle?”

Epi m di: “W ap pale avè m?”

“Non. Poukisa?”

126 Epi m di: “M vle di w on bagay. M te fè on sonj sa pa fè lontan. Ou sonje w te wè mesye sa a ki te sanble avè m ak Fletch? Mande manman lè w tounen Tucson, m te rakonte l sonj sa a. E, Billy, gen on bagay k ap rive, l ap pase kounye a. On Bagay tap pale avè m, e m—m te panse Se te ou.”

127 Li te gade m on jan dwòl, epi te tann on ti moman, nou tap kontinye kondwi. Kidonk, kèk minit, li tounen dòmi ankò. Epi m tap kondwi ale, ap panse sou kisa sa te ka vle di? Ap kondwi ale, dwat nan wout lan, epi, toudenkou, men l vin ap pale ankò.

128 Epi l di: “Retounen! Èske M pat di w, nan kòmansman an, pou fè travay yon evanjelis? Lè M te rele w, anba nan rivyè a, èske M pat di: ‘Menm jan yo te voye Jan Batis pou anonse premye vini an? Èske Jan pat plis pase on pwofèt? Jezi te di sa, Limenm. ‘Kisa nou tap soti al wè, yon pwofèt? Li di: ‘Plis pase yon pwofèt.’”

129 Apresa tout kòmansè vin jwenn mwen. M kòmansè mande tèt mwen. Apresa Li te fè m sonje ankò a—a moun yo. Kijan, nan fè sa Moyiz te fè, kijan Moyiz te ka rive jwenn moun yo nan dezè a? E kijan m te ka rive jwenn moun yo nan dezè a? Egzakteman menm bagay la. Apresa l vin nan sa, De Timote 4. Sonje lè nou te dedikase legliz lan jou maten sa a, trant an de sa, kèk nan nou ansyen yo, lè l te montre m pyebwa sa yo epi m te plante yo sou de bò yo? Sonje sa? Nou sonje vizyon an. Tout ekri sou liv ak sou kasèt ak tout bagay. Te fè de zane de sa, kijan m te wè sa yo epi m—m pat janm kwaze Initè a ak Trinite a. M te kanpe nan mitan yo epi m te plante pyebwa sa yo, epi yo te sèl de pyebwa ki te gen fwi. Epi mwen... Tout pyebwa yo te pouse apeprè trant pye epi te kanpe. Sa yo te ale dwat nan Syèl; te detache sot nan menm branch lan. Ou wè? Youn sou on bò epi youn sou lòt la, epi m te kase yo. Nou sonje vizyon an. Ou wè? Li ekri nan liv epi li nan istwa vi m ak tout. Epi yo te monte dwat nan

Syèl kon sa, rapid. Epi L di: “Lonje men w pou fwi an.” Epi m te jwenn menm fwi an nan kwa an, lè m kouri desann la a. Epi L di: “Fè travay yon evanjelis. Fè tout prèv ministè w lan. Epi tan an va rive lè yo pap sipòte bon jan doktrin.’ Pa abandone yo lè sa a. Kontinye avanse.” Tout sa vin nan lespri m.

130 Epi apre m sonje Marilyn Monroe sa a, fi ke m te wè kap mouri an apeprè yon semèn anvan l te mouri, epi kijan ke yo te di li te touye tèt li, lè li pat fè l. M te pale yo de sa, anvan, kisa k ta pral rive, epi sa te fèt. Epi tankou sa te fèt pou boksè yo anwo la a; youn ta pral touye lòt la. M te twonpe sou fi a. Gen yon lòt fi la a, kouzen l se—se—se Danny Henry. Ki non li? Jane Russell. Kouzen l, yon gason Batis.

131 Epi m tap preche nan Los Angeles, nan dejene Biznis Menn yo. Epi On Bagay la a jis ap poze sou òganizasyon sa yo, e men mesye an chef Asanble yo chita, epi anpil nan gwo diyitè yo te rasanble anndan la a. E lè m te fin pale epi m te kòmanse kite lestrad lan, ap pare... Paske, yo tap voye Mesaj la soti atravè nasyon an—an—an, sou radyo, epi te dwe retounen chanje. Pandan chanjman sa a, lè yo te koupe radyo an, lè sa a, pou voye Mesaj sa a soti, epi tounen epi anonse stasyon an. Epi m te nan Clifton, kote n gen dejene an. Epi antan m tap mache sot nan lestrad anwo an al nan sak pi ba a, yon jennjan bèl gason debyen apeprè trant an, kouri vini epi te pase bra l nan kou m. Li di: “M se Danny Henry.” E san m pa konnen ke se te frè l ki tap fè transmisyon nan televizyon an. E, e, sa transmèt sou televizyon la a pou Biznis Menn Kretyen yo. E se Jane Russel, sipèsta sinema sa a, kouzen l. Manman l se yon predikatrik Pannkotis.

132 Epi lè yo te kòmanse ap kouri sou mwèn, epi l te pase bra l nan kou m, epi l te di: “Bondye beni w, Frè Branham.” Li te di: “M swete sa pa sonnen sakrilèj, men, nan fason pa m pou m wè l, Mesaj sa a te ka chapit 23 Apokalips lan.” E lè l te di sa, li te kòmanse pale nan lang. Yon gason ki pat janm menm tandè on bagay konsa, on Batis pa denominasyon. E osito ke...Li te vin blan, epi l te gade m. Li pat konn kisa pou l fè. Gen nonm ki chita isi a ki te la. Èske w te la, Fred? Konbyen moun ki te la nan moman sa a? Ya, men twa yo isi a, ki te la nan moman sa a. E li pat konn kisa pou l di.

133 E te gen yon gran gwo madanm Fransèz ki te chita anba isi a. Li te leve, li te di: “Pouki, sa pa bezwen okenn entèpretasyon. Se te Franse pi.”

Gason an te di: “M pa konn yon mo Franse.” Epi l te ekri sa l te di a.

134 Epi te gen yon nonm ki te chita nan kwen an, li te di: “Se egzak. M te ekri sa l te di a, se Franse.” Dèyè nèt sou dèyè, yon patnè bèl gason, cheve blon, ki te kanpe kore ak miray la, avanse epi konpare nèt yo. Li te entèprèt la pou Nasyon Zini, pou Franse. Epi mesye sa a

bò isi a se te Victor Le Doux, de legliz Arne Vick la laba a, epi l te ekri l. E m te gen entèpretasyon an pou sa.

135 Koute sa, si m ka li l.

“Mwen, Victor Le Doux, se yon Franse san pi; Kretyen ne de nouvo, ranpli ak Sentespri a. Adrès mwen se 809 North King Road, Los Angeles 46. Mwen mache nan Temple Bethel la, Pastè Arne Vick, pastè. Yon vrè tradiksyon ke m proklame, de pwofesi ki te di sou Frè Branham, ke Danny Henry te bay an Franse, le 11 fevrye 1961, nan dejene Full Gospel Business Men lan. Yon vrè tradiksyon de pwofesi a.”

136 Kounye a, men sa L te di.

Paske ou te chwazi chimen sere a, chimen ki di an, ou te mache nan pwòp chwa pa w.

Kounye a, m ka wè sa. Moyiz te dwe fè chwa l, tou. Ou wè?

Ou te pran chimen presi ak kòrèk lan, desizyon kòrèk, e se CHIMEN MWEN.

Trase trè anba l, CHIMEN MWEN, Sentespri a k ap reponn.

Poutèt desizyon enpòtan sa a, yon gwo pòsyon nan Syèl la ap tann ou...ap tann ou.

Ala yon desizyon glorye...(Kounye koute byen.)

Ala yon desizyon glorye ou te pran. Sa a pou tèt pa l se sa ki pral fè, epi fè rive, kokenn chenn laviktwa nan lanmou Diven.

137 Nou remake, se vèb lan anvan advèb lan. Ou wè, Franse a. Kounye a entèprèt Nasyon Zini yo entèprete sa. E gason an pa konn yon sèl mo, pat janm tande—pat janm tande de bagay konsa tankou pale nan lang. Li se yon Batis. Te jis rive tonbe anndan la a, epi te tande mizik sa a, epi te di...monte la a epi kanpe la a epi koute m kap preche.

138 Kounye a, “nan lanmou Diven,” lanmou Diven. Kijan sa ka lanmou Diven si se pa Sentespri an—an? Sentespri an se lanmou Diven.

139 Kounye a, e jan Billy avè m te kòmanse desann sou wout la, ou wè, te kòmanse ap kontinye sou wout lan, Billy t al dòmi ankò. Epi L te di: “M pral ba ou yon siy kap toujou dire.”

140 Epi m di: “Seyè, kisa...” M te tann on ti moman epi anyen pat rive. M te di: “Kisa ki siy kap toujou dire a, Seyè?” Epi m te tann kèk minit. E jis lè sa a m te gade pou m wè Billy; li te nan dòmi.

141 Epi L te di: “M ap ba ou yon siy kap toujou dire,” ankò. Li te di: “Gade nan direksyon lwès depi kote w ye a.”

142 Epi m te vire tèt mwen kon sa nan kamyon an, pou m gade; te ralanti, nou konnen. Epi, o la la, Lespri Seyè a! M te santi m te ka rele epi kriye. Epi m te gade, epi m te jis wè yon mòn ak lèt majiskil blan sou li. M te di: “M pa konnen, pa wè okenn siy kap toujou dire nan sa.”

143 Li di: “Non w ekri sou tout li.”

144 Mwen t ap panse, “Kisa sa ye?” Mwen te vin vrèman fèb e m te kòmanse ap estope.

145 E Billy te leve pou di, “Sa k ap rive avè w la?” Mwen te tire men m konsa, swe t ap degoute soti nan men m, e li t ap tounen nèt.

146 Mwen te di, “Billy, gen yon bagay k ap rive. Yon fwa mwen te rekonèt ki kote mwen te gen tò. Mwen konsyan m te echwe Bondye.” E sanble m te k ap tandè chante sa ap chante, epi ap gade dè milye de moun melanje, estwopye, enfim, avèg, ak moun paralize; m te tandè yon koral, vwa yon moun ki gen gwo renome, ap chante:

Enpi! Enpi! Move lespri t ap mennen l. (Nou konn chan an.)

La Jezi te vini pou libere kaptif la.

147 Mwen te ka wè liy pou malad yo toupatou, e mwen te oblije estope. Billy pa t konn sa k t ap rive. Mwen te gade anlè.

148 Mwen te estope e mwen te gade anwo sou montay la, e mwen te wè sèt kolin sa yo. Bon, la, si w vle wè yon bagay: Te gen sèt pik sou tèt yon montay anvan w ale nan yon lòt peyi; ankenn lòt montay apre sa. E sa te dispoze de lès a lwès, pozisyon montay la, e te gen nèt anlè tèt li.

149 De ti premye pik yo, apre sa yon pik laj; e apre sa yon lòt pik piti, epi yon pik pi laj; apre sa yon ti pik, e ansuit yon gwo, laj, long, ak nèt sou tèt montay la. Mwen te di, “Seyè, mwen pa konprann kisa sa vle di.”

150 Li te di, “Konbyen pik ki gen la?”

151 Mwen te reponn, “Genyen sèt.”

152 “Konbyen lèt ki gen lan non w? B-r-a-n-h-a-m, M-a-r-r-i-o-n B-r-a-n-h-a-m.”

153 E te gen twa pik ekstraòdinè. Li te di, “Twa pik sa yo se premye, dezyèm, ak twazyèm pull. Premye a se te premye pati ministè ou, ti kolin; alò premye pull ou a ase wo.” Nou

konnen, siy nan men an. Apre sa te gen yon ti entèval la, nan moman yo te konn pran m ale poutèt twòp fatig. Anpil lan nou sonje sa. E apre sa disènman te vini, dezyèm pull la. Bon mwen te gen yon lòt, apeprè kèk lane isit la ke se te jis on jan de ti pik, ou wè, lontan kòm si ministè mwen potko menm kòmanse, e la men twazyèm pull lan.

154 Twa se yon nonb akonplisman, ou wè, twazyèm lan. Pwochen an se te senk, nonb gras la. E pwochen an se te sèt, nonb akonp-...pèfeksyon an, lafen. “Ou va travay sis jou. Setyèm lan se Saba,” fen semèn lan, fen tan an. Ou wè? Mwen te rete e mwen te montre Billy sa. E mwen te gade yo.

155 Li te di, “Pou ke sa ka, ke sa etabli. Si jamè te gen yon dout nan panse m, sonje plas sa, retounen la.”

156 E Billy te touche m sou zèpòl, li te di, “Papa, gade nan direksyon lès la!” E kouman sa te janm fè rive, mwen pa konnen, men la bò kote lès wout la te gen depotwa sa ki t ap boule. Dè mil e dè mil lwen tout jan de vil, yon vye pil depotwa fatra etann la bòkote goch wout la.

157 M ap retounen nan chan an. Amèn. Vye oswa jèn, vivan oubyen mò, M ap obeyi Bondye jouk lanmò va libere m. Mwen te echwe Seyè a, pa pa eksprè, Ke mwen te fè...mwen te eseye...Pèmèt mwen glise koze sa. Ou wè? Gen tan ki rete ankò pou bann lan? Mwen te vle—mwen te vle wè Jezikri manifeste san fay. Ke frè k ap tandè bann sa, ak legliz sa sonje, apati de jounen sa, rezon kifè ou pa gen ankenn fay, e rezon kifè pandan tout ane sa yo ou paka jwenn yon sèl bagay ki te janm di ou fèt ke sa ki te rive yo. Mwen bay nenpòt moun defi pou vin ak nenpòt nan milye bagay ekzekite sou lestrad la, ak disènman an, ak prediksyon sa k te dwe rive yo; yo te rive egzaktèman lèt pou lèt. Kounye a, legliz ou kwè sa, di, “Amèn,” pou ke...[Kongregasyon an di “Amèn.”—Editè a.] Pa gen yon moun nan mond lan ki ka montre yon sèl. Men ke legliz isit la epi legliz apre a ka konnen: Si Bondye ta fè yon nonm pase atravè yon tiyo, epi li pa bouje ditou jouk Bondye di l, pa gen ankenn fwa ki konekte ak sa. Se Bondye ki pouse w fè yon bagay. E sa mete ministè a nan yon pozisyon kote pa gen ankenn moun ki ka di yon mo kont li. Men apati de kounye a, kite m pale avè w dabò lan Non Seyè a, anvan w tandè, paske mwen dwe soti ale pa lafwa. Mwen dwe fè l pa lafwa, ke mwen panse li vrè ou fo, ou kwakseswa. Mwen fè sa ki mye nan chwa mwen, e apre sa mwen pati al fè l. Paske si sa pa t fo, se poutèt mwen te ret tann jouk Li te di m al fè l. Mwen te ret tann Li. Kifè se pa t mwen menm; se te Li.

158 Men, ou wè, menm gran Sen Pòl te pase atravè difikilte yon fwa. E anpil fwa ke Bondye fè dè choz oswa L pèmèt sèvitè li fè l, ke se te yon erè, pou pwouve bagay sa yo. Bon, nou konnen ke èt imen ka fè erè, men Bondye paka fè erè. Men kounye a si mwen antre nan chan ap preche, epi ap kontinye jan mwen—mwen ap fè a, alò mwen dwe planifye reyinyon

davans epi—epi plase bagay yo annòd. Petèt sa se gran moman nou t ap tann lan. E sèten si “Sa nan limenm se yon pakèt bagay ki va fè akonpli, e ki va vin akonpli, gwo gwo viktya nan lanmou Diven an,” sa se vèb la avan advèb la, alò se lanmou Diven, ki se Bondye. Ou wè? E alò sa pran lanmou Bondye devan pou okipe liy an avan an pou kanpe nan espas la pou moun yo.

159 Tout Riki ak Riketa sa yo, ki tèlman betize ak pawòl sa yo, e m te rele yo “Riki” ak “Riketa,” Bondye te pèmèt mwen konprann ke mwen pa t dwe fè sa, paske anpil nan yo toujou pitit Li. Mwen se yon...Yo paka fè anyen poutèt y ap aji si tèlman diferan . Kèk nan vye, legliz fòmèl frèt sa yo met men sou yo, espri sa ki sou yo a, e gen anpil nan—nan prizon menm jan ak Izrayèl, jis menm jan ak Moyiz ki te desann al delivre yo soti nan esklavaj. Èt imen ki te renmen Jezikri, yo t ap sèvi L si sèlman yo ta konn kijan pou yo sèvi L. E yo nan esklavaj anba men sistèm denominasyon ki ap di yo, “Piga w fè *sesi*, e pigwa w fè *sela*.”

160 Men apèl Bondye a dwe vini, “Nenpòt moun ki vle mache nan direksyon Latè Pwomiz, ke li mache.” Nou nan wout nou pou Latè pwomiz. Amèn. Ke yo vini, mache. Nou nan wout nou pou rankontre Kris nan tan lafen an. E mwen te vle pote sa pou ou pou w te ka wè, epi montre w ke, erè yon nonm ka fè, menm si li sensè.

161 Moyiz te pèdi santiman pou moun li yo poutèt yo pa t vle tande I. E, Frè Roy, ou wè sonj ou an? Kounye a mwen paka ale, ak yon ministè konsa, jwèk mwen santi m diferan nan kè m konsènan sa, pe enpòt sof si Bondye ta di m sa tout bon. Men se sa ki te chanje sa Frè Roy...ke w te wè ap vini an. Yon bagay dwe chanje mwen, paske mwen menm, nan kè mwen, si m ale la jan m santi m kounye a; mwen santi toujou ke yo dwe tande Mesaj sa, yo dwe fè I. E mwen pa gen santiman mwen ta dwe genyen pou moun yo. Jiskaske mwen gen santiman sa, pa gen ankenn rezon pou m ale, paske mwen t ap yon ipokrit.

162 E tout ane sa yo mwen t ap eseye sèvi L avèk yon kè sensè, e mwen pap soti deyò la antan ke ipokrit. Mwen dwe santi sa, ke se pa Riki ak riketa, e se pa bann pakèt sa. Se pitit Bondye ki nan esklavaj, ke mwen dwe ale. Jiskaske mwen ka santi m konsa, m ap jis rete akote, ap preche nan kèk konvansyon ak bagay konsa, men m ap tann.

163 Mwen gen yon ti chan. Mwen pa konn chante. Mwen ta jis renmen site I pou ou. Frè, mwen yon jan ap swiv kat jewografi a. Mwen poko fin fè tout tou a ankò. Sa pa ekri fason kòrèk la. Mwen pa konnen si m ap menm kapab li I ou pa. Se sou menm ton avèk im Konba pou Repiblik la, “Glwa, glwa, alelouya!” Ou tande I deja. “Glwa, glwa, alelouya!” Konbyen moun? Natirèlman, nou tout te deja tande I.

Predikatè santye sou chwal sa t al pakouri peyi a,

Ak yon fizi sou zèpòl li e on Bib nan men li;
Li te di moun nan preri yo konsènan Latè pwomiz,
Pandan sou chwal, I ap chante sou tout wout.
Repo, repo,
Repoze w sou bra sila ki etènèl;
Repo, repo,
Repoze w sou bra sila ki etènèl.
Li preche sou jijman k ap vini ak dife avèk souf;
Epi yon Syèl ak glwa, san fen pou jistifye a pou kont kò l.
Pandan I ap travèse montay ou ka tandè I ap chante,
Pandan I pati sou chwal.
Gen pwisans, wi, genyen pwisans,
San Ayo A ap ba ou l.
Gen pwisans, wi genyen pwisans,
Nan San presye Ayo a.

164 Predikatè santye sou chwal sa. Nou sonje li. Ou wè?

Bon fizi I vyeyi epi wouye, li te depoze l sou mi an;
Bib li trè abime plen pousyè, epi...se ra li manyen l; (Se vre.)
Men Mesaj Li bannou va jwenn nou nan Jou sa,
Paske Verite a toujou ap mache.

tout moun:

Glwa, wi glwa , alelouya!
Glwa, wi glwa, alelouya!
Glwa, wi glwa, alelouya!

Verite a ap mache.

165 M ap aprann sa. Mwen te sou pye m maten an lè mwen t ap ekri sa, m te mete men m sou vye fizi m lan ki kwoke sou miray la. Mwen t ap panse, “Sa pap pran tan.”

Fizi l la vyeyi epi wouye, pandan l kwoke sou miray la, (Se vre.)

Epi Bib la trè abime ak pousyè, epi se ra li te touche l.

Men Mesaj ki sot nan Bib sa...jou Jijman yon jou;

E Verite a kontinye ap mache.

166 Verite Bondye a nan Bib sa! Ya. Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

167 Vye predikatè santye ak Fizi l kwaze nan do l, Bib li nan men l, t ap pakouri preri a, epi al sou mòn yo, ak anba raje nan fose ak toupatou, ap preche sou Milenyòm k ap vini an, konsènan Jijman cho kou dife pou enjis la, epi ap preche Wayòm Bondye pou jis la. Se vre. Vye fizi Winchester a remize wouye. E Bib la, yo–yo pran liv sou sèks olye de Li. Men Verite Bondye a toujou an mach. Li rann Tèt Li osi reyèl jodi a, epi pwouve l, jan Li pa t janm fè l.

Verite Bondye a kontinye ap mache!

Glwa, wi, glwa, alelouya!

Glwa, wi, glwa, alelouya

Glwa, wi, glwa, alelouya!

Verite Li ap mache.

168 Poukisa, Yon moun va pran L. Paske Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Annou chante sa ankò. Bon nou melanje ansanm bò isit la, Methodis, Batis, Literyen, tout lòt . Pandan n ap chante dènye kantik sa, annou bay lanmen ak moun ki bò kote nou an, e apre sa n ap fini.

169 Epi kounye a, sonje, ou menm ki gen pou ale nan pwòp legliz ou, ale aswè a. Salye pastè w pou mwen. Epi–epi apre sa priye pou mwen, nou chak. Epi la ankò mwen vle w sonje, si w pa gen ankenn kote pou ale...

[Frè Branham ap pale ak Frè Neville—Editè a.] Si w gen yon bagay.

Aprè mesaj Frè Neville aswè a, apre li fini mesaj li a, lè sa mwen vle anrejistre yon bann ki rele *Siyal Limyè Wouj Vini Li An*, ou wè, pou aswè a.

Ke Seyè a beni w kounye a. E semèn pwochè, mwen pral, Dimanch pwochen, si Seyè a vle, mwen kapab desann ankò pou anrejistre yon lòt bann, paske mwen oblije ale an Arkansas semèn pwochè lan.

170 Dakò, bon annou chante ankò, epi bay lanmen kounye a.

Glwa! wi, glwa, alelouya!

Glwa! wi, glwa, alelouya!

Seyè Jezi, beni mouchwa sa yo...?...nan Jezikri...?...

...ap mache.

Louwanj pou Bondye! Kounye a annou bese tèt nou jis yon moman.

171 Ou byen tonbe, Frè Ruddell. Monte isit la jis yon minit pou priye. Frè Ruddell, yon lòt nan frè asosye nou yo isit la, pami yon ti asosyasyon legliz nou genyen ansanm, sa entèdenominasyonèl. E mwen te tandè pale de pozisyon solid ke Frè Ruddell te pran pou— pou Levanjil. Kifè mwen—m ap di sa, Frè Ruddell, tout bagay ou rankontre sou wout la...Bondye pa t pwomèt yon kabann ak flè byen alèz. Men Li te pwomèt yon konba, wi, men Li te pwomèt vikwa. Se sa bagay la ye.

172 Mwen sonje lè m te fèk pran pozisyon sa, menm pwòp manman m ak papa m te vle mete m deyò nan kay la. Ou wè? Men, o, la la, mwen te batize yo lan Non Seyè Jezi! Sèl espwa mwen pa t janm espere genyen jodi a se gras a pozisyon sa. Mwen tèlman kontan ke Mesaj Bib la, ki te vini de predikatè vye santye sa desann rive nan tan sa...Menm si moun yo mete men sou Li pou yo te dekoupe L, e yo te fè denominasyon epi mete kredo ak tout lòt bagay Ladann, Verite sa toujou ap vanse. Se vre. Li toujou ap vanse.

173 Bondye beni nou, nou chak, e nou espere wè w ankò trè byento. Jouk lè sa, èske w vle fè m sèl favè sa kounye a, alafwa isit la epi moun k ap tandè bann lan tou, nou menm frè yo? Priye pou Bondye mete nan kè m bagay sa ke m te pèdi laba nan zafè konplèks sa. Sa tèlman fasil pou vin konplekse.

Mwen te gen yon antrevi lòt jou avèk Frè pa m Way ki chita la, ki kanpe devan la. Yon nonm byen, men ki te vin trè konplekse, yon lòt jan de konplèks, sa te fè menm bagay la. Frè Way, sa tèlman fasil pou w tonbe nan sa; se ou menm ki gen yon ti kichòy nan panse w, ou kontinye ap panse fason sa. Lè w retounen pou verifye l avèk Lézekriti, pou wè si se kòrèk ou pa, epi apre sa kontinye apati de sa. Ya. Piga w pèdi santiman pou moun yo. Ou

wè? Ou dwe sonje ke yo pa fèt ak sab. Yo se chè ak san, èt imen ak yon nanm. Priye pou mwen, nou tout, si nou vle. Bondye beni nou kounye a.

N ap bese tèt nou pou mande Frè Ruddell si l...

174 Ekskize? [Frè Parnell di, “Frè Branham, Mwen gen yon bagay mwen ta renmen di, sa jis ap pran m yon demi segond.”—Editè a] Dakò, frè. [Frè Parnell rakonte yon sonj li te fè.] Louwanj pou Bondye! Sa a se yon ministè. Yon moun ka pa konnen. E li se youn nan gwoup ke, mwen pa t gen tan maten an, ki te youn pami sonj sa yo, ki t ap pale de mwen ki ta pral lòtbò a, ou wè, ki ta pral nan Lwès, ki t ap dirije l nan Lwès dènye fwa a. Frè J.T. Parnell.

175 Bon, kapab gen etranje k ap poze tèt yo kesyon sou moun k ap fè rèv, moun ki reve. Non, nou pa atache nou a tout sòt de rèv ak bagay konsa, men nou kwè ke Bib la di, “Sa va rive nan dènye jou yo, Mwen va devèse Lespri Mwen sou moun yo; e yo va pwofetize, e yo va wè vizyon, e yo va gen sonj.” Osi lontan ke sa nan mèch Bib la, se devwa m pou m kwè sa epi preche l. E lè moun yo ap rakonte sonj yo, si Seyè a pa bay entèpretasyon an, nou kite sa trankil. E si se yon bagay...Lè yon moun pale an lang, sa dwe yon bagay pou legliz, e sa dwe rive, tou. Nou pa aksepte l, si se ta yon movè espri. Sa dwe rive, paske entèpretasyon lang se pwofesi. Nou konnen ke se vre. Kifè nou eseye viv isit la fason Bib la jis jan Sa anseye a. Nou pa retire anyen Ladann oswa ajoute anyen, men jis viv Li jan Li ye a. Ke Seyè a ka beni. Sa ede m, Frè J.T. pou kwè ke...Bondye pa t di m ale kounye a epi fè konpwomi ak peche, men jis ale epi kontinye aji. Ou wè?

176 Annou priye kounye a. Frè...[Yon sè ap rele nan kongregasyon an—Editè a.]...Yon moun tonbe san konesans. Jis yon minit. Rete trankil, tout moun. Ou wè? [Frè Branham kite chè a desann al nan kongregasyon an.]

177 Papa nan Syèl la, pèmèt ke mizèrikòd ou ak bonte W kapab avèk Frè Way. Lan Non Jezikri, ke l retounen vini. Bannou l ankò, Seyè, e ba li fòs ak sante.

Konsa ede m, kè li rekòmanse ap bat ankò! Rete trankil, tout moun, fè jis priye.

Seyè Jezi, ke bonte ak mizèrikòd Ou kapab avèk Frè Way, lan Non Jezikri.

178 Se fini. Pandan m te kanpe isit la devan lotèl sa, kote fineray te preche. Kote mwen kanpe la, kote dè santèn de moun te adrese priyè bay Kris. Mwen te tann men mwen, je l te vire lanvè, pou li te pati ale. E anyen lòt ke rele Non Jezikri, epi pou li te kòmanse ap retounen...?...Antan ke minis lakwa, mwen di sa lan Non Jezikri. Èske Li pa mèveye? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Yon kriz kadyak. Ou wè? Mwen tèlman gen

rekonesans sa rive jis kounye a, olye de pita jouk nou ta pati ale. Ou wè gras Bondye? Ke Seyè a ka beni!

Annou jis bese tèt nou.

179 Papa nan Syèl la, nou remèsye W kounye a pou bonte ak mizèrikòd Ou. Ou toujou nan mitan nou. Ban mwen, Seyè Lwil nan lanp mwen. Ban mwen ba–ba–ba–Baton Seyè a, pou mwen kapab etann Li, sou malad ak aflije yo. Pou m kapab mennen L bay...pou pote delivrans pou sa yo ki nan bezwen, epi jijman pou sa yo k ap rejte L. Akòde l, Papa. Nou remèsye W pou tout bonte Ou, lan Non Jezikri. Amèn.

Frè Ruddell, Bondye beni w, frè.